

«Пушкиным и картэр» мэлажьэ

2-нэ нап.



Налшыкыпсым узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр игъэхъужырт

2-нэ нап.



«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.



Ветераным орден кърат

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№103 (24.385) ● 2022 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

«Бгы къабзэхэр-2022» щIыуэпс зэхьэзэхуэр зэфIэкIащ



4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр къапщытэ

**КIуэкIуэ Казбек мы махуэхэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Прохладнэ районхэм. А щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр и гъусэу абы къипщытащ егъэджэныгъэ IэнатIэм, гъуэгу ухуэныгъэм, псыкIэ цIыхухэр къызэгъэпэщыным епха лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр.**

БАХЪСЭН къалэм республикэм и унафэщIыр щыкIэлъыплъащ абы щыIэ курыт школхэу ещанэмрэ еплIанэмрэ ухуэныгъэзэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым. А IуэхущIапIэхэр зыхуей ирыхуагъэзэжыну хуаутIыпщауэ щытащ сом мелуани 180-м щIигъу. Школхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрагъэпэщыж. Лэжьыгъэхэм хеубыдэ инженер коммуникацэхэр хъуэжыныр, унэхэм я щIыбри, я кIуэцIри зехьэныр, зыхуей-зыхуэныкъуэ унэлъащIэкIи къызэгъэпэщыныр. ЩIыналъэм хиубыдэ Дыгулыбгъуей жылэм фокIадэм и пэщIэдзэм щызэфIэкIынущ и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщыр зыхуей хуэгъэзэжыныр. Абы трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 72-м нэс.

Прохладнэ щыщыIам КIуэкIуэ Казбек къипщытащ къалэм дэт курыт школ №42-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIыр. Ар Хэку зауэшхуэм ипэкIэ яухуауэ щытащ. Зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр иужьрейуэ щыщрагъэкIуэкIар 1963 гъэрати, IуэхущIапIэр хуабжьу хуэныкъуэт абыхэм. УФ-м и Президентым къыхилъхьа программэу къэралым и еджапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуам къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ школым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Абы щахъуэжащ инженер коммуникацэхэр, и щIыбкIи, и кIуэцIкIи зыхуей хуагъэзащ, унащхьэр щIэуэ тралъхьащ, бжэщIэхэр, щхьэгъубжэщIэхэр халъхьащ, зыхуэныкъуэ унэлъащIэхэр щIагъэуващ. Апхуэдэу сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къагъэщIэрэщIэжа школыщIэм и бжэхэр фокIадэм и 1-м къахузэIуихынущ щIыпIэм щыпсэу ныбжьыщIэ 350-м.

Республикэм и унафэщIым лэжьыгъэхэр зи пщэрылъхэм къалэн ящищIащ еджапIэм къедза щIыпIэр зыхуей хуагъэзэну.

42-нэ курыт школым нэмыщI, Прохладнэ къалэм иджыри щолэжь социальнэ IуэхущIапIэу 3-м. КъищынэмыщIауэ, абы щаухуэ ныбжьыщIэ 785-рэ зыщеджэфыну школыщIэ, курыт еджапIэ №8-ми къыгуащIыхь унэщIэ, сабий 560-рэ щIэхуэну.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# ЦIыхухэм я щхьэ Iуэхухэр КъБР-м и Iэтащхьэм кърахьэлIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэр зи щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуахэм яIущIащ. Къэрал дэIэпыкъуныгъэ щIэлъэIуу республикэм и унафэщIым деж къекIуэлIащ бын куэд зиIэ унагъуэхэм ящыщу къыдалъхуа уз гъэтIылъа зиIэ сабийхэр зыпIхэр. Апхуэдэ сымаджэхэм медицинэм и федеральнэ центрхэм хэхауэ къыщеIэзапхъэщ. Социальнэ IэнатIэм хиубыдэ зыхуэфащэ министерствэхэм республикэм и унафэщIым яхуигъэуващ сабийхэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным пыщIа зыхуэфащэ Iуэхухэр.**

АПХУЭДЭУ а махуэм унафэ тращIыхьащ Гундэлэн къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым тесхэр ирафын псыкIэ къызэгъэпэщыным, Акъбащ Ипщэ къуажэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр здэщыт и жылагъуэ зэхуэсыпIэр зэIузэпэщ щIыным. Республикэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуигъэуващ а Iуэхухэр иджыпсту ягъэзащIэ программэ щхьэхуэхэм хагъэхьэну.

# ХэкIуэда зауэлIхэм я къэрал дамыгъэхэр я Iыхьлыхэм иратыж

**Дзэ операцэ хэхар щрагъэкIуэкIым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хэкIуэда зауэлIхэм къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэхэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абыхэм я Iыхьлыхэм иритыжащ. А Iуэхум теухуа зэIущIэхэр Бахъсэн, Прохладнэ къалэ округхэм я администрацэхэм щекIуэкIащ.**

ДЗЭ къулыкъур ехьэкIыным, къалэнхэр гъэзэщIэным щхьэмыгъазэу зэрыбгъэдэтам папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ Хахуагъэ орденыр хуагъэфэщащ хэкIуэдахэу рядовойхэу Васильев Тимур Юрий и къуэм, УанащIэ Руслан МуIэед и къуэм, Хьэжымэт Амырбэч Мурат и къуэм, ефрейтор Дерновой Алексей Сергей и къуэм, сержант Шыгъушэ Азэмэт Аслъэн и къуэм, сержант нэхъыжь КIэщт Аслъэн Валерэ и къуэм. ХэкIуэда добровольцхэу Жанатаев Зариф Къаплъэн и къуэмрэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэмрэ «И хахуагъэм папщIэ» медалхэр, доброволец Бадулин Михаил Владимир и къуэм «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и медалым и етIуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

«Ди зауэлIхэм хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къагъэлъэгъуащ икIи къабгъэдэхуэ къалэнхэр щIыхь пылъу ягъэзэщIащ. Абыхэм я лIыхъужьыгъэр Хэкум къимыкIуэтыжу къулыкъу хуэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысей псом я дежкIэ щапхъэщ. Дэтхэнэми къигъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэу 1945 гъэм фашизмэм текIуахэм зэрахьа лIыгъэм хуэдэ дыдэ. Нобэрей гуауэр ар зэуэлIа дэтхэнэ унагъуэми и дежкIэ мыухыжщ, дэ абыхэм дахуощыгъуэ, дадогузавэ икIи сытым дежи дакъуэту щытынущ. Езыхэм яхуэфащэ щIалэхэр зыгъэса адэ-анэм ди щхьэр лъахъшэу яхудогъэщхъ. ХэкIуэдахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ, дэ ахэр зэи тщыгъупщэнкъым», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.





**Налшык и Театр щхъуантIэм шыщхьэуIум и 27-м щызэхуащIыжащ Kavkaz Music Fest япэ фестивалыр. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ. Проектыр гъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ Налшык къалэ администрацэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ.**

# Япэ макъамэ фестивалыр зэхуащIыж

Гъуазджэ

ЗЭХЫХЬЭР къызэзыгъэпэщахэм зэрыжаIамкIэ, махуищым къриубыдэу абы республикэм щыпсэу, и хьэщIэу цIыху минипщIым нэблагъэ зэхуишэсащ. Щэнхабзэ зэхыхьэшхуэр ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингуш, Шэшэн, Дагъыстэн республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм я артист цIэрыIуэхэмрэ урыс эстрадэм и «вагъуэхэмрэ». Ирагъэблэгъа хьэщIэхэм къадэкIуэу щэнхабзэ зэхыхьэхэр ягъэдэхащ Белоруссиемрэ Молдавиемрэ я артистхэм.

- Фестиваль щIэщыгъуэм цIыху щэ бжыгъэхэр хэлэжьыхьащ, Налшык къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я пащхьэм уэрэджыIакIуэ 50-м, къэфакIуэ 300-м щIигъум гукъинэжу зыкъыщагъэлъэгъуэн папщIэ, - жиIащ зэхыхьэм и продюсер, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Хьэцей Тимур. - Щэнхабзэ Iуэху дахэр хьэщIэхэм пщIэ щыхуащI Налшык къалэм зэрыщрагъэжьам срогушхуэ! Ар куэд щIа си хъуэпсапIэхэм ящыщти, къыдэхъулIащ. Ди жэрдэмыр къызэрыддиIыгъам папщIэ псом хуэмыдэу фIыщIэ хуэфащэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и щэнхабзэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэтщIыным гъунэ итлъауэ дыщогугъ.

- Мыр Налшык и щыпэ макъамэ щэнхабзэ зэхыхьэшхуэщ. ЗэфIэкI зиIэ артист куэд зы утыку щызэхуэсри, республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ, - жиIащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь. - Къызэгъэпэщак1уэхэр я къалэным фIыуэ ехъулIащ. Пшыхьхэр щIэщыгъуэ, гукъинэж хъуащ.

Фестивалым хыхьэу шыщхьэуIум и 25 - 27-хэм зэхэта «Звёзды 100-летия», «Ритмы Кавказа», Afterparty Show концерт программэхэр куэдым ягу дыхьащ. «Культурный код Кавказа» конференцым ирагъэблэгъа щIалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ хьэрычэтыщIэ Iуэхум хэлъ щхьэхуэныгъэхэм. ЦIыхушхуэ къызэкIуэлIа кIэух концертри нэгузыужь хъуащ.



Лъэпкъхэм я щэнхабзэ, гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэхэр, артистхэм макъамэмрэ къафэмрэ щаIэ зэфIэкIхэр къэIуэтэжыгъуейщ. Фестивалым зыкъыщагъэлъэгъуащ Тут Заур, Руссо Авраам, Рай Радэ, Клявер Денис, Варварэ, Гагунский Виталий, Гордиенкэ Наталье, Ревия Нодар, Бойченкэ Аллэ, Царикаевэ зэшыпхъухэу Альбинэрэ ФатIимэрэ, Сокъур Ольгэ, Каримов Ринат, Бэрбэч Аскэр, Третьяк Татьянэ, Быщтэ Азэмэт, ЛIыбзу Аслъэн, Хъыжьрокъуэ СултIан, Къэзан Сэтэней, Нэхущ Чэрим, Бэч Азэмэт, Текуев Амур, Теппеев Алим, КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ, Апэнэс Астемыр, Мeжиевэ Маккэ, Алехно Руслан, Кагировэ Патимат сымэ, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# Ди къуэш республикэхэм

## Сабийхэм ядоIэпыкъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и нэIэ зытригъэт Херсон областым и Геническэ щIыналъэм щыщ сабийхэр гъэ еджэгъуэщIэм хуэгъэхьэзырынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъунущ ди къуэшхэр. АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат иджыблагъэ а щIыпIэм щыщыIам зригъэлъэгъуащ сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ я щытыкIэр зыхуэдэр, унэхэр, пщIантIэхэр. Абы жиIащ щIэныгъэ, гъэсэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэр фокIадэм хуэгъэхьэзырыныр, бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм ахэр гъэплъыныр, сымаджэщхэр къызэIухыжыныр, ахэр дохутыркIэ къызэгъэпэщыныр, мэкъумэш IэнатIэхэм я Iуэхур егъэжьэжыныр, унэ зэтетхэр зэгъэпэщыжыныр, сабий джэгупIэхэр щIыныр, щIыпIэхэр гъэкъэбзэжыныр я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.***

КЪУМПIЫЛЫР адэ-анэхэм щахуэзам жиIащ Адыгейм и лагерхэм сабий 500 хуэдиз къызэрашэфынур, яфIэфIу республикэм зэрыщагъэхьэщIэнур. Апхуэдэуи Iэтащхьэр Херсон областым и Правительствэм и УнафэщI Елисеев Сергей щыхуэзам зэраухылIащ махуипщI къэс зэ шхын зэрылъ машинэхэр Геническ зэрырагъэшэнур, медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ зэраутIыпщынур, школхэм унэлъащIэхэр, видеокIэлъыплъыныгъэ Iэмэпсымэхэр зэрыщIагъэувэнур, шынагъуэншагъэм папщIэ зыхуей псомкIи къызэрызэрагъэпэщынур.

## Илъэсищэм ирихьэлIэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мы махуэхэм Черкесск къыщызэIуахащ республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэ. Абы щыплъагъунущ Къэрэшей-Шэрджэсым и тхыдэ гъуэгуанэхэр, щэнхабзэ ехъулIэныгъэхэр, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр зэрыт сурэт екIуэхэр. Псори зэхэту къапщтэмэ, экспонати 150-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщхэр музейм къыщIахащ, адрейхэр КъШР-м щыцIэрыIуэ сурэттех Ермаков Дмитрий и IэдакъэщIэкIщ.***

УЭРАМЫМ дахэу щегъэувэкIа гъэлъэгъуэныгъэм республикэм исхэри, и хьэщIэхэри еплъыну Iэмал яIэщ. Псалъэ лей хэмыту абыхэм ущагъэгъуэзэнущ хэгъэгум и тхыдэм, и цIыхухэм я дэрэжэгъуэр, и щIыпIэ дахэхэр уагъэлъагъунущ. Апхуэдэуи нэIуасэ ухуащI СССР-мрэ Урысеймрэ я ЛIыхъужьхэм, гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, республикэм и зэфIэувэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ зи гуащIэ хэзылъхьа цIыху щэджащэхэм.

Мы махуэхэм КъШР-м и къалащхьэм щагъэлъагъуэр Москва и паркхэм язынхэзым щыIащ икIи Урысейм и хэгъэгу къулеймзыщагъэгъуэзэну Iэмал яIащ къэралым и щыхьэрым дэсхэми.

## Апсныр къыхах

АБХЪАЗ. ***Республикэм мы гъэм зыгъэпсэхуакIуэ кIуахэм я бжыгъэр процентi 10-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэрейм нэхърэ. Ар епхащ Сочэ зыщыбгъэпсэхуным и уасэм нэхърэ Абхъазым ущыхьэщIэныр процентi 10 - 15-кIэ зэрыщынэхъ пудым. КъищынэмыщIауэ, япэм Къырымым кIуэуэ щытахэри зэрыхьащ Апсным. Мы гъэм Къырымым зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр процент 50-кIэ хэщIащ.***

2022 ГЪЭМ Урысейм и цIыхухэм зыщагъэпсэхуахэр зэпэплъытмэ, етIуанэ увыпIэр еубыд Абхъазым. Япэр Сочэщ, ещанэр Анапэщ, Железноводскрэ Геленджикрэ абыхэм къакIэлъокIуэ.

ФокIадэ мазэми хьэщIэхэр куэду иIэнущ Абхъазым. Гъэмахуэ хуабэм нэхърэ уасэр процент 11-кIэ нэхъ пуд щохъу абы шыщхьэуIум и етIуанэ Iыхьэм щегъэжьауэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



## Фыдогъэблагъэ!

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубок.*
*Финалым и 1/128-нэ Iыхьэ.*
**«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ»** *(Псыхуабэ).*
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*Шыщхьэуlум и 30.*
*Сыхьэт 17-м.*

● Егъэджэныгъэ

# Гугъэмрэ гъащIэмрэ зэIэпэгъущ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Зыужьыныгъэмкlэ и утыкум («Точка кипения») Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ. «Урысейр зэфIэкIхэм я щIыналъэщ» къэралпсо пэхуэщIэ (проект) иным ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща IэщIагъэхэмкIэ центрым и лэжьэкIэ хъунум, гъэпсыкIэу иIэнум, ар зыхуэунэтIауэ щытынум теухуа Iуэху утыку кърахьащ, ахэр пхыгъэкIыным икIи къэщтэным ехьэлIа «Iэнэ хъурей» зэхашащ.**

ПЭХУЭЩIЭМ къигъэув Iуэхугъуэхэм, зыхуигъэувыж къалэнхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБКъУ-м ЩIэныгъэ-техникэ къэхутэныгъэхэмрэ егъэджэныгъэр зэпымыууэ зэтеублэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Махиевэ Танзилярэ а къудамэм и IэщIагъэлI Коноваловэ Аннэрэ.

«IэщIагъэхэмкIэ центрыр – ди щIалэгъуалэм ябгъэдэлъ есэныгъэхэм зыщрагъэужь, хуей хъумэ, а есэныгъэхэр щаузэху икIи кIуапIэ щрат щIыпIэщ. Дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми Iэмал иIэнущ бжыгъэрылъанэр зи лъабжьэ уней напэкIуэцI Центрым интернетым щиIэ сайтым къыщызэIуихыну, и зэфIэкIхэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ абдеж къыщрилъхьэу лэжьакIуэ къэзылъыхъуэхэм закъригъэцIыхуну. Апхуэдэу ди Центрым зыхуигъэувыж къалэнхэм хохьэ Iуэху зехьэкIэмкIэ, лэжьыгъэ унэтIыкIэмкIэ щIалэгъуалэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэныр, нобэрей гъащIэмрэ IэнатIэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ теухуауэ щыIэ есэныгъэхэр егъэфIэкIуэныр, зэгъэзэхуэныр, IэмэпсымэщIэхэмрэ бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ хэлъхьэныр. Дэ иужь дитщ зэредгъаджэ программэхэр soft skills-кIэ жыпхъэм итлъхьэну, сыту жыпIэмэ абы Iэмал къыдитынущ ди лэжьыгъэр университетым щIэныгъэ гуэдзэмрэ еджэныгъэмрэ тещIыхьа и программэ нэхъыщхьэхэм хигъэувэну. Университетым зэрыригъаджэ программэхэм IэщIагъэмкIэ есэныгъэхэр къыуату щытмэ, дэ дызэрылажьэ программэхэм ныбжьыщIэр щыгъуазэ зэрыхъуар и напэкIуэцIым къыщигъэлъэгъуэфмэ, абы IэнатIэ зэригъуэтынум шэч хэлъкъым. Ар гурыIуэгъуэщ – лэжьакIуэ къэзылъыхъуэ IуэхущIапIэхэмрэ хьэрычэтщIакIуэхэр зыхуейр щIэныгъэ зыбгъэдэлъ къудейкъым, атIэ а щIэныгъэр Iуэхум хипщэу IэнатIэр къэзыIэтынщ. Арыхххэуи, IэщIагъэхэмкIэ Центрыр къызэгъэпэщыным и мыхьэнэр мы къыжысIахэм къаIуатэ», – жиIащ Махиевэ Танзиля.

Университетым, «Урысейр зэфIэкIхэм я щIыналъэщ» къэралпсо проектышхуэм дэлажьэкIэрэ, УФ-м ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм «Лэжьыпхъэхэр-2030» къэрал программэм хилъхьа Iуэхугъуэхэр егъэзащIэ: ди щIыналъэм и зыужьыныгъэм технологие къэхутэныгъэщIэхэр хуегъэлажьэ, щIалэгъуалэм я жэрдэмыр къыщахутэ, щадж икIи щрагъэфIакIуэ бизнес-инкубаторхэр зэрегъэпэщ, зыужьыныгъэмкIэ щыIэ институтхэм яхуиIэ пыщIэныгъэхэм зрегъэубгъу, IэнатIэрэ лэжьапIэрэ зиIэ хьэрычэтщIакIуэхэм запещIэ, хэгъэгум икIи къэралым щыIэ бизнес IуэхущIапIэшхуэхэр зэрепх, Iуэху зехьэкIэ зыщIэ ныбжьыщIэхэр зы Iуэхум иришалIэурэ зэрегъэуIу, IэщIагъэмкIэ щыIэ есэныгъэхэр ирагъэфIакIуэурэ цIыхум и жэрдэмхэм, и бгъэдыхьэкIэхэм гъуэгу ярет. ГурыIуэгъуэщ, щIалэгъуалэм защIэзыгъакъуэ, абыхэм я жэрдэмыр щIэзымыгъэужьыхэ IуэхущIапIэ щыIэн зэрыхуейр, икIи, шэч зыхэмылъращи, нобэр къыздэсым КъБКъУ-м абы и лъэныкъуэкIэ зэфIиха Iуэхухэм ухэплъэмэ, абы и кIуэцIкIэ къыщызэрагъэпэщ Центрым къару зэриIэнур, щIэупщIэнши зэрымыхъунур. Абы къищынэмыщIауэ, къыхэгъэщын хуейщ Центрым и лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща хъумэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым IэнатIэхэмкIэ и эксперт-къэхутакIуэ пашэ зэрыхъунур.

«КъБКъУ-м щекIуэкI еджэныгъэ лэжьыгъэм дыхэмыIэбэу, ди программэр абы къыхэкI есэныгъэхэм хэдухуэнэну, уеблэмэ лъабжьи хуэтщIыну Iэмал хъарзынэхэр щыIэщ. ЩIэныгъэмрэ практикэм Iэмалыншэу узыщыхуеину есэныгъэхэмрэ щызэдэкIуэкIэ, ныбжьыщIэм и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэн утыкухэр нэхъыбэ хъунущ, зэхьэзэхуэ куэдым хыхьэну Iэмал иIэнущ. Щхьэж и унейлъэкIыныгъэхэр утыку ирихьэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр нэхъыбэ хъуху, шэч хэлъкъым, абы лэжьыгъэр къыпэплъэу, IэнатIэр и хьэзыру еджапIэр къызэриухынум», – къыхегъэщ Махиевэм.

ЗэрыжаIэщи, гугъэмрэ гъащIэмрэ зэIэпэгъущ. ГукъэкI дахэкIэ къызэрагъэпэщ Центрым гъуэгу игъуэтыну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

● Щэнхабзэ

# «Пушкиным и картэр» мэлажьэ



**«Пушкиным и картэкIэ» зэджэр зыIыгъхэм я бжыгъэр цIыху мелуанихым нэблэгъащ. Ар зи ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ 22-м нэс щIалэгъуалэм я бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэ мэхъу.**

«ДИ ГУАПЭ зэрыхъунщи, «Пушкиным и картэр» зыIыгъ ныбжьыщIэхэм, ар зыIэрызыгъэхьэну хущIэкъу щIалэгъуалэм я бжыгъэм махуэ къэс хохъуэ. Зэрыкъэралу къапщтэмэ, нобэкIэ мелуанихым нэблагъэм апхуэдэ картэ яIэщ, абы къыщIэупщIауэ зи тхылъхэр зыхуагъэхьэзырхэри мелуаным нызэрохьэс. КъызэралъытамкIэ, Урысейм ныбжьыщIэу исым я зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэм картэр къагъэсэбэп», – жиIащ иджыблагъэ «Пушкиным и картэ» къэрал программэм и унафэщI Минаев Александр.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, «Пушкиным и картэмкIэ» махуэ къэс щэнхабзэ Iуэхугъуэ мин 25-м щIигъум уеплъыфынущ. Ар зыIэрызыгъэхьа щIалэгъуалэм ар нэхъыбэ дыдэу къызэрагъэсэбэпыр кино еплъыну щыкIуэрщ. Картэм и программэм киногъуазджэр хэтатэкъым, ауэ дызэрыт илъэсым и мазаем и 1-м щегъэжьауэ абы кино уреплъ хъуури ящIащ. Минаевым зэрыжиIэмкIэ, картэм и программэм къэралым и кинотеатрхэм я процент 80-р къепхауэ лэжьэн щIадзащ.

«КартэмкIэ ящэхуа билетхэм ухэплъэмэ, и Iыхьэ щанэр кино еплъын щхьэкIэ зэрызыIэрагъэхьар уолъагъу. Егъэлеиныгъэ хъуну къыщIэкIынкъым, «Пушкиным и картэм» къэралым ит кино-еплъыпIэхэр зэхуащIыжыным зэрыщахъумар, кино зыщI IэщIагъэлIхэм я лэжьыгъэми псэщIэ зэрыхилъхьар жысIэмэ», – къыхегъэщ УФ-м Бжыгъэрылъанэ зыужьыныгъэмкIэ, зэпыщIэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ, «Пушкиным и картэ» программэм и менеджер Павловэ Светланэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIы «Пушкиным и картэр» УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ къыхалъхьа Iэмалщ – ныбжьыщIэхэм я щэнхабзэ зэхэщIыкIым хэгъэхъуэн икIи зиужьын папщIэ. Абы ипкъ иткIэ зи ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ 22-м нэс щIалэгъуалэм къэралым щекIуэкI хэкупсэ хуэIухуэщIэхэм хыхьэну, театр, макъамэ икIи гъуазджэ IуэхущIапIэхэм щIыхьэну Iэмал яIэщ. Гу лъытапхъэщ картэм илъ ахъшэр музей, театр икIи кино гъэлъэгъуэныгъэхэм, концертхэм фIэкIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм тебгъэкIуадэ зэрымыхъунум. Апхуэдэу жыIэн хуейщ къэралым картэм кърилъхьэ сом мини 3-р минитху зэрищIар.

Абы къищынэмыщIауэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил и Iэ зыщIэлъ Унафэм ипкъ иткIэ, мазаем и 1-м щегъэжьауэ щIалэгъуалэр пщIэншэу здэкIуэ е зыщIыхьэ хъуну щэнхабзэ IуэхущIапIэхэмрэ псэкупсэ Iуэхугъуэхэмрэ нэхъыбэ хъуащ.

«Пушкиным и картэмкIэ» хуиту ущIыхьэфынущ зэрыдунейуэ щыцIэрыIуэ Третьяковский Павел и сурэт гъэлъэгъуапIэм, Мэзкуу дэт «Panorama 360» «Эрмитаж» къэрал музейм, «Бродвей Мэзкуу» мюзикл джэгупIэм, пащтыхь гуащэ Марие и цIэр зезыхьэ театрым, нэгъуэщIхэми. «Пушкиным и картэм» и лэжьэкIэр зыубзыху программэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ IуэхущIапIэ зыбжанэ хэтщ: Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал макъамэ театрыр, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрыр, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрыр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал гуащэгъафэ театрыр, Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ музейр, Сурэт гъуазджэмкIэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ къэрал музейр, Темыркъан Борис и цIэр зезыхьэ къэрал филармониер, «Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъхэр» къэфакIуэ гупхэр.

«Программэр щыдутIыпщым, абы къикIын щымыIэу, ар къызыфIэIуэхун щIалэгъуалэ щымыIэу жаIэу гумэщIыгъуэ дыхэзыгъэтар мащIэкъым. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, ди щIалэгъуалэр дэзыхьэхыр кином и закъуэкъым. Ахэр яфIэфIу макIуэ балетми, оперэми, музейми. Иджырей щIалэгъуалэр зи гупсысэрэ зи дуней еплъыкIэкIэ я ныбжьым фIэкIауэ зызыужь защIэщ. ГъэщIэгъуэн къащыхъунур, пэж дыдэу, занщIэу къыпхуэхутэркъым. Ауэ бзэр дыщIиIэр абыхэм зэхащIыкIыу гупсысэр я бзэкIэ къэтIуэтэн щхьэкIэщ, ауэ щыхъукIи, делъэхъшэх хъунукъым, «щэнхабзэ» щIыжытIэращи, езыхэми заузэщIыным дыхущIэкъун хуейщ», – жеIэ Минаев Александр.

«Пушкиным и картэмкIэ» шыщхьэуIу - фокIадэ мазэхэм щэнхабзэ Iуэхугъуэ мин 60-м щIигъу уеплъыну Iэмал щыIэщ. Абы къищынэмыщIауэ, мазэ программэм щIэгъэхуэбжьауэ хэтынущ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ щэнхабзэм зэрыдрагъэхьэх мастер-классхэр, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я уэршэрхэмрэ лекцэхэмрэ, Iэнэ хъурейхэр, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Мы сыхьэтым апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм къэрал 12-м щыщ сабий минрэ ныкъуэрэ зэригъэуIуащ.

«Пушкиным и картэр» зыIэрызыгъэхьэну хуейхэм Iуэхугъуэ зыбжанэ ящIэн хуейщ:

1. «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» интернет утыкум зыщебгъэтхын хуейщ. Апхуэдэ Iэмал яIэщ зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуауэ къэралым зэрицIыхумкIэ щыхьэт тхылъ зрата дэтхэнэри.

2. «ЩэнхабзэмкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» зи фIэщыгъэ программэ гуэдзэнхэр телефоным требгъадзэ хъунущ. Ар къыщыбгъуэтыфынущ AppStore, Google Play, App Gallery жыхуаIэ телефон программэхэм. Апхуэдэу узыхуэныкъуэну QR-жыпхъэри «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» интернет утыкум къыщыбгъуэтынущ.

3. Зебгъэтха нэужь, «Пушкиным и картэм» узэрыхуейр къыбогъэлъагъуэ. Ар зыIэрыбгъэхьэжыфынущ Урысейм и Банкым и IуэхущIапIэм, паспортымрэ СНИЛС-мрэ ебгъэлъагъумэ.

4. «Пушкиным и картэмкIэ» уздэкIуэну Iуэхугъуэр Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и сайтым илъ хъыбарегъащIэм хэтмэ, еплъын хуейщ е билет къыщыпщэхукIэ, ар къыщыпщэху IуэхущIапIэр а программэм хэтмэ, зэгъэщIэн хуейщ.

**ЗЕЙ Динэ.**

● КъБР-100



# Налшыкыпсым узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр игъэхъужырт

**Илъэси 100 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, Налшык къалэ и щIыуэпсыр зыхуэбгъэдэн щымыIэу сэбэпу зэрыщытар фIэщщIыгъуейщ. 1922 гъэм Налшык къалэм и ГъэзэщIакIуэ комитетым къыдигъэкIат «Кабардинская автономная область: к 1-й годовщине автономии» зыфIаща тхылъыр. Абы итащ «Налшыкыпсым и сэбэпынагъыр» жыхуиIэ, Никольская А. и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэр. Ар Къалмыкъ БетIал и унафэкIэ ягъэхьэзырауэ арат.**

ЧХЕИДЗЕ Константин итхыжауэ щытащ: «Долинск жыхуаIэ къуажэ цIыкIум зыгъэпсэхуакIуэ зэрыунагъуэу дыкIуэу щытащ илъэс къэс. А лъэхъэнэм къуажэр унагъуэ 12-15 хъуми арат. Ари щIыналъэшхуэм тепхъауэ, щIыпIэ-щIыпIэкIэ тIысыжарэ, зэжьэхэмыуэу. Нэхъ ин дыдэр Долинскхэ я унагъуэм ейт, абыхэм яIыгът гектар щэ бжыгъэкIэ къабж щIышхуэ. Ауэ 20 лIэщIыгъуэм ипэхэм Налшык къэкIуащ Никольская Александрэ жыхуаIэр, генералым и фызабэр. Ар цIыхубз къулей дыдэт. Зэанэзэпхъум дохутырхэм къыжраIат Налшыкыпсымрэ Къэбэрдейм и щIыуэпсымрэ узыншагъэмкIэ хуабжьу зэрысэбэпыр. Никольскэм Долинскхэ я щIыналъэм щыщ къищэхужри, унэ дэгъуэшхуэ ирищIыхьыжащ. Абдежым бзылъхугъэм и Iуэхур дэкI зэпыту псэун щIидзащ. Уеблэмэ къуажэм и гуащэу ябж бзылъхугъэм Налшык и къулыкъущIэхэм унафэ яхуищIыфырт».

Чхеидзе итхыжам пэджэжу мыр жеIэ Маслов Александр, «Налшык округым и медицинэм и тхыдэ. 1900 - 1917 гъэхэр» тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIам: «Долинск жыхуаIэ къуажэ цIыкIур дыщэ сомии 100-кIэ къищэхуауэ щытащ уэркъ бзылъхугъэ Долинская Екатеринэ. Ар езыр дохутырт, акушерт. Абы и щIыналъэм и нэхъыбапIэр Никольская Александрэ ирищэжа нэужь къызэрагъэпэщащ «Налшык-Долинск курортыр». Никольскэм иухуат зыхуей хуэгъэза дачэ 30-рэ зы хьэщIэщышхуэрэ. Тхьэмбыл уз зэфыкIыу Налшык зыщагъэхъужыну къакIуэ сымаджэхэр зыщыгугъыр Къэбэрдейм и щIыуэпс телъыджэмрэ яукIагъащIэ Iэщхэм я лъымрэт. КъищынэмыщIауэ, мыбдеж щыкуэдт къэзан тэтэрхэм ягъэхьэзыр кумысыр».

Никольская А. хъужыр хэтми къывгурыIуамэ, къэдгъэзэжынщ Къалмыкъ БетIал и лъэIукIэ абы итхауэ щытамкIэ... «Налшык къалэ – Къэбэрдейм и къалащхьэр – лъэныкъуищкIэ бгыхэм къаухъуреихь. ИпщэкIэ и щыгу дыжьыныфэмкIэ мэлыд Дыхтау, Къэщхьэтаурэ абыхэм я шынэхъыщIэхэмрэ. СэмэгумкIэ Казбек, ижьырабгъумкIэ – Iуащхьэмахуэ щыIэщ, ауэ ахэр уплъэкIэ плъагъуркъым, сыту жыпIэмэ, джабэ лъагэхэм ятеубгъуа мэз Iувхэм щыкI жыгхэм уагъэлъагъуркъым. Налшык и Iэшэлъашэм ит бгыхэм уагъэшынэркъым, уи гум тегъуалъхьэркъым, ахэр нэгум щабэу, дахэу къыщIоувэ. А бгы телъыджэхэр зэрызэпэщылъым къыхэкIыу жаIэ Налшык и хьэуа къабзэм и къарур. ЩIымылым кърихьэх хьэуа щыIэтыIэм гъащIэ къыпхелъхьэж, Iэпкълъэпкъым и закъуэ мыхъуу, къалэм къыщхьэщыт хьэуари егъэкъабзэ. А хьэуар щIыпIэ нэхъ лъагэм къикIыху, нэхъ щIыIэху нэхъ сэбэпщ. Абы фIэкIа уимыIами, зы хущхъуэ зумыхьэлIэу тхьэмбыл узыфэхэр игъэхъужынущ.

Налшык къалэр къурш лъапэм деж щылъщ, ауэ я зэхуакум псы дожри, къуршым къех псыIагъэ лейр къалэм къыщIэмылъадэу а псым хохьэж. КъищынэмыщIауэ, уэшх къешха нэужь къуршым кърилъэсэха минералхэр псым къыхолъэдэжри, нэхъ сэбэп ящI. Абы хэлъ мывэхэм елъэ псым массаж уищI хуэдэу, щIыфэр ешытIэ. Гу лъыстащ Налшыкыпсым зыщыбгъэпскIмэ, къупщхьэ узымрэ невралгиемрэ зэригъэхъужым. Мыбы щыпсэухэм зэрыжаIэмкIэ, уэлбанэ нэужьым а псым зыщыбгъэпскIмэ, цIыхущIэ уохъуж, къару къыпхелъхьэж.

Кавказым щэху куэд ехъумэ, абы теухуауэ щIэныгъэлIхэр мыувыIэжу зодауэ. Мы щIыналъэм сытри къыщыхъуфынущ, телъыджэр щыкуэдщ. Сэ узыншагъэрэ къарурэ сиIэмэ, ар зи фIыщIэр Налшыкщ. Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм сызэхаукIарэ хущхъуэгъуэ сылъыхъуэу сыщыIащ Кърымым, Железноводск, Франджым, Швейцарием, Петербург. Ауэ зыщIыпIи зыри сэбэп къыщысхуэмыхъуу, Налшык си щхьэр къесхьэлIащ. Сыщыхъужари мыращ. Си шыпхъу, Шершуновэ М. иужьрей илъэс 17-м къефыкIа тхьэмбыл узым къаруушэ ищIауэ къызэдэсшати, зэрыпсэур, зэрылъэрытетыр, и узыр зэрыкIуэдыжар зи фIыщIэр Налшыкыпсырщ. Урысей дохутырхэм къагурыIуэркъым зэтхьэлIари, зэтщIари, ауэ узыншэ дыхъужащ».

Иджы къэдвгъэщIэжыт мыгъэрей гъэмахуэр зэрекIуэкIыр... Хуабэвэхым дызэритхьэлэр, щIыIэтыIагъэ зэрыщымыIэжыр, Налшыкыпсым цIыхухэм зэрызыщамыгъэпскIыжыр, ныджэр зэрынэщIыр, абы и Iуфэм кIэрыхубжьэрыхуу щикъухьар. Зэхуэвгъадэт мы тхыгъэм къиIуэтэж хъыбар телъыджэхэмрэ нобэ дызыхэпсэукIымрэ. ИтIанэ къывгурыIуэнщ блэкIа илъэси 100-м ди щIыуэпсым лейуэ етхамрэ ар наджэIуджэ зэрытщIамрэ.

**КОТЛЯРОВ Виктор.**

# Нэрылъагъум и гъунапкъэ



**«Гъэмахуэ псом зывгъэпсэхуауэ фыкъыдэкIыжащ. Иджы фымыпIащIэу нотэхэр къыдэфхи, иужь дыдэу зэдгъэщIа уэрэд цIыкIухэр къэдвгъэпщытэжыт, фщIэжу пIэрэ?» ЕгъэджакIуэм жиIэнур и кIэм нимыгъэс щIыкIэ, ар зэхэзыха цIыкIухэм зэпеуэу я Iэхэр къаIэт...**

КЪУАЖЭ школхэм а зэманым уащрихьэлIэртэкъым макъамэм ехьэлIа щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэм, абы къыхэкIыу дерсхэр нэхъыбэм ятын хуей хъурт педучилищэр нэхъ мыхъуми къэзыухахэм.

Музыкэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэту езыр щеджа Псыгуэнсу дэт курыт школ №1-м къэзыгъэзэжа Мыкъуэ ХьэIишэт и япэ лъэбакъуэхэм къыщыщIэдзауэ къигъэлъэгъуа Iэзагъэр район псом хэIущIыIу щыхъуат. Абы и гъэсэнхэр, уэрэд яригъащIэу иутIыпщыж мыхъуу, музыкэм и дуней куум хишэрт. ХьэIишэт егъэджакIуэ къудейтэкъым, зэчий зыбгъэдэлъ пшынауэт, макъамэм нотэхэр зэрытезагъэм хуэдэ къабзэу, сабийхэм я гупсысэр плъыфэ зырызыххэу зэхищыпыкIыфу.

«Гъуазджэм нэсу телажьэ цIыхум зэман-зэманкIэрэ лъэпэпцIийуэ зытриIэтыкIыу, нэрылъагъум и гъунапкъэм ебэкъуэн хуейщ», - жиIащ Толстая Татьянэ. Мыкъуэ ХьэIишэт макъамэмрэ сабийхэмрэ яку дэлъын хуей зэпыщIэныгъэр къихутэн папщIэ, махуэ къэс зытет щIым зытреIэтыкIри, а нэрымылъагъум хэлъ щэхур и гъэсэн къэс къахуелъыхъуэ жыпIэнт, сыхьэт къэс я макъым и IукIэм, я зыIыгъыкIэм, я зэхэщIыкIым тещIыхьауэ ахэр гуп-гупу щигуэшкIэ. Апхуэдэ жэуаплыныгъэм крикIуэр зыхэпщIэн щхьэкIэ сыхьэтыр и кIэм нэсыху ущIэсу, макъытI-макъищ зэхэмыхьэкIэ цIыкIухэм ягъэзащIэ уэрэдхэм уащIэдэIун хуейт. Ар егъэджакIуэм къехъулIамрэ къемыхъулIамрэ щызэпилъытыж ухыпIэт икIи къэхъуртэкъым узыIэпишэу ар щымыдахэ.

Школ программэ пыухыкIам тету зрагъащIэ уэрэдхэм къадэкIуэу, къуажэдэс сабийхэр классическэ музыкэм гъунэгъу хуэпщIын къудейр, дауи, тынштэкъым - псом япэу ахэр хэбгъэгъуэзэн хуейт музыкэм и жанрхэм. ХьэIишэт къехъулIэрт ари.

Макъамэу къызэротIэпIыкI жыпIэну, макъ жьгъыру дахэкIэ а псом яхутепсэлIыхьа нэужь, Чайковскэм, Моцарт, Бах сымэ я IэдакъэщIэкIхэм пластинкэкIэ щIигъэдэIурт, сабийм абы къыхихынур ищIэу.

ЗэманкIэ дызэIэбэкIыжмэ, музыкэр сабийм ягъэджынымкIэ увыпIэ лъагэ игъуэтауэ щытащ Кабалевскэм и программэм, ауэ абы зезыпщытыфыр къалэхэм дэт еджапIэ щхьэхуэхэрт. Мыкъуэ ХьэIишэт абы зэуэ тегушхуахэм яхэтащ. Апхуэдэ лэжьэкIэ мардэм гъэсэнхэм я музыкэ зэхэщIыкIым зыщиужь дуней щIэщыгъуэ къахузэIуихырт икIи Iэмал къаритырт макъамэм и район, республикэ зэпеуэхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну.

ХьэIишэт зэуэр баянт. Абы и макъым щIэту школакIуэхэм ягъащIэрт япэу къежьэ хэкупсэ, лъэпкъ, пионер уэрэдхэри.

Хуэмурэ ХьэIишэт къызэригъэпэщащ егъэджакIуэхэм я хор. Апхуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ зэрыщымыIэр къэплъытэмэ, ар абы и лэжьыгъэм и купщIэр езыгъэлъагъужа ехъулIэныгъэт. Ипэ иту егупсыса хуэдэ, зэман дэкIри, районым ис егъэджакIуэ хорхэм я фестиваль яублащ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу. Мыкъуэм и лэжьыгъэр а зэпеуэхэм Iэужьыншэ щыхъуртэкъым - сыт щыгъуи япэ е етIуанэ увыпIэр къахьырт.

ХьэIишэт и пшынэ макъым щIэту хорым дахащэу игъэзащIэ уэрэдхэр нэхъыбэу теухуат Хэкум, лъахэм, гъащIэ мамырымрэ лэжьыгъэмрэ. И макъ къулейр куэдым ягу дыхьэу абы уэрэд щыжиIэрт математикэмкIэ езыгъаджэ Къанкъул Сэфарбий - къуажэ псом щхьэжэ ящыхъуауэ щIалэу дунейм ехыжащ ар. Абыхэм япэхъун хор а зэманым иIащ Джылахъстэнейми. УмыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу гупым хэтыр щIыналъэр зэрыгушхуэ, илъэс 75 - 80-м ит защIэт, ягъэзащIэри адыгэ уэрэдыжьхэрт.

ШколакIуэхэм я IутIыжт махуэшхуэ дауэдапщэхэр. Уэрэд жыIэнымкIэ, къэфэнымкIэ школ зэпеуэхэм сыт щыгъуи бжьыпэр щаубыдырт ХьэIишэт и гъэсэнхэм. Апхуэдэ текIуэныгъэ къэс егъэджакIуэм и нэгум гуфIэгъуэу кърихыр плъагъун хуейт, абы и лэжьыгъэм лъагъуныгъэу хуиIэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ.

ТекIуэныгъэм, Лэжьыгъэмрэ Мамырыгъэмрэ я махуэхэр, пионер линейкэхэр ехьэжьауэ щагъэлъапIэрт жылагъуэм икIи абыхэм ящыщ зы зэхуэс къанэртэкъым ХьэIишэт и гъэсэнхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр хэмыту. ЦIыхубз гуащIафIэм и лэжьыгъэр дэнэкIи къыщыхэщырт.

Мыкъуэ (Пщыгъуэсэ) ХьэIишэт нобэ пенсэм тIысыжауэ щысщ, ауэ абы кърихьэлIа лэжьыгъэ гъуэгуанэ дахэм хэгъуэщапIэ иIэкъым.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ЦIыкIухэр зэрымыцIэлэн щхьэкIэ

**УФ-м и Къэрал Думэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Тумусов Федот къызэрилъытэмкIэ, ныбжьыщIэхэр я унэхэм щIэсу 2021 гъэм зэреджам хуэкIуэжынкIэ хъунущ курыт еджапIэхэр, иджыпсту зэрежьам хуэдэу коронавирусым зиубгъумэ.**

«Узыфэр зэуэлIахэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ иужьрей махуэхэм. Оперативнэ штабым къит бжыгъэхэм узыщыгуфIыкIын хэлъкъым, - жиIащ политикым. - ФокIадэм и 1 пщIондэ апхуэдэурэ екIуэкIмэ, сабийхэр школхэм емыкIуалIэу егъэджэным теухуа унафэхэр щIыналъэхэм къамыщтэу хъуну къыщIэкIынукъым, цIыкIухэр зэрымыцIэлэн щхьэкIэ».

ШыщхьэуIум и 28-м ирихьэлIэу къэралым а узыфэр зы жэщ-махуэм цIыху 46857-м къащыпкърыхьауэ ятхащ. Абыхэм я нэхъыбапIэр зыхуэзэр Москва, Санкт-Петербург къалэхэрщ, Москва областырщ.

### Дуней псор илъэгъуащ

**Инджылызым къыщалъхуа, Бельгием къыщыхъуа Резерфорд Мак дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ кхъухьлъатэ псынщIэкIэ, ари и закъуэу, дуней псор зэрызэщIигъэхьамкIэ.**

Илъэс 17 фIэкIа мыхъуа щIалэр къэрал 52-м ящхьэщытащ. Абы и гъуэгуанэр зыпхыкIахэм ящыщщ Африкэр, Перс псыдэжыпIэр, Индиер, Китайр, Корее Ипщэр, Япониер, хы Щэхум и ищхъэрэ лъэныкъуэри зэпиупщIа нэужь, Беринг и цIэр зезыхьэ псыдэжыпIэм пэмыжыжьэ вулкан хытIыгум къыщыхутащ. Абы икIри, Аляскэм кIуащ, иужькIэ Мексикэм нэсащ, Канадэми лъэтащ. КъыкIэлъыкIуэу Атлантикэ хыр зэпиупщIри, Инджылызым кIуащ, итIанэ щежьа Болгарием иунэтIыжащ икIи абы и къалащхьэ Софие пэмыжыжьэу къыщетIысэхыжащ шыщхьэуIум и 25-м.

ЩIалэр апхуэдэ гъуэгуанэм щIытегушхуарщ нэхъ яфIэтелъыджэр, ауэ езым зэрыжиIэмкIэ, ар щIагъэщIэгъуэн щыIэкъым – абы и адэ-анэри и анэшхуэри кхъухьлъатэзехуэщ, и шыпхъу нэхъыжьми а IэщIагъэр иIэщ. Илъэс 19 фIэкIа мыхъуа Зарэ мы илъэсым и пэщIэдзэм дуней псор и закъуэу къилъэтыхьащ, езыри а гъуэгуанэм тезыгъэгушхуар аращ.

Мак кхъухьлъатэ зэригъэкIуэну хуит ящIащ илъэс 15 фIэкIа мыхъуауэ. Иджы абы и цIэр Гиннесс и тхылъым иратхэнущ – апхуэдэ зыхузэфIэкIа ныбжьыщIэ дунейм теткъым.

**ШыщхьэуIум и 30, *гъубж***

♦ **Залымыгъэ кIэлъызэрахьэу ягъэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦ **1933 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Кубаным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкий Нурдин**.

♦ **1936 гъэм** къалъхуащ медицинэм и доктор, Германием щыIэ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм хэта **Сэлихь (Уджыхъу) Ихьсан**.

♦ **1941 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Сыжажэ Валерэ**.

♦ **1961 гъэм** къалъхуащ атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.

♦ **1981 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Едыдж Едыдж**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 – 32-рэ, жэщым градус 20 – 22-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 31, *бэрэжьей***

♦ **Блогым и дунейпсо махуэщ**

♦ **1971 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр къратащ.

♦ **1902 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Турчанинов Георгий**.

♦ **1928 гъэм** къалъхуащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIытIэ Ахьмэд**.

♦ **1928 гъэм** къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Иуан Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 – 30, жэщым градус 20 – 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Дахэ и щIагъ фо щIэлъщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр «Адыгэ псалъэ» газетым и корректор **Щоджэн Иннэ Аслъэнбий** и пхъум хуогузавэ абы и дэлъху **Щоджэн Замир Аслъэнбий и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр «Адыгэ псалъэ» газетым и корректор **Щоджэн Заирэ Замир и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Щоджэн Замир Аслъэнбий и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм газетхэр зэхэгъэувэнымкIэ компьютер къудамэм и оператор **Бекъул Татьянэ Геннадий и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Бекъул Тимур Геннадий и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Ислъамым и нур



Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

**● Адыгэ муслъымэн тхыдэ**

## Къуэши Iэсхьэд ефэнды цlэрыIуэт

**Мударей (Тырку, Узун-Яйла) дэса еджагъэшхуэхэм язщ Мысырым дин щIэныгъэ щызригъэгъуэтауэ илъэс тIощIрэ тхукIэ къуажэм къалэн щызыгъэзэщIа Къуэши Iэсхьэд ефэндыр (1883 - 1944). Абы теухуа хъыбарыр и пхъурылъху Дыджэш Уэзкъан жедгъэIэжащ.**

«СИ адэшхуэр Мысырым илъэс пщыкIущкIэ щыIащ. Дин щIэныгъэм и мызакъуэу, гъэунэхугъэ щIэныгъэми хэгъуазэу щытащ ар. Нэхъыбэуи цIыхубэм яхуэгъэза щIэныгъэхэм. Хьэрыпыбзэмрэ къэжэрыбзэмрэ ищIэрт. И тыркубзэр апхуэдэу лъэщу щытакъым. Ататюрк и тетыгъуэм Анкара ираджэу зи Iуэху зэхагъэкIахэм ящыщщ. Ягу къыхуэзэгъа иужь, «азэныр наIуэу тыркубзэкIэ къэгъаджи, адэкIэ мэжджыт кIуэцIым узэрыхуейуэ щегъэкIуэкI» къыжраIэри, хуит къащIыжауэ арати, къуажэм зэхахыу тыркубзэкIэ къигъэджа иужь, мэжджыт кIуэцIым етIуанэу азэн дыдэ щигъаджэу екIуэкIащ.

МэсхьэбиплIымкIэ фэтуэ итыным хуэщIат. Дуней хуэIухуэщIэ темыпсэлъыхьрейуэ, и уэршэрыныр нэхъыбэу динымрэ щIэныгъэмрэ теухуауэ щытт. Сыхьэтищ нэхърэ нэхъыбэкIэ жейртэкъым. МащIэрышхэ дыдэт. Губжь имыхабзэу, шыIэшхуэ хэлъу щытт. Джэгу-Iэгухэри зэращI щIыкIэр имыгъэдахэу, джэгум тепсэлъыхьрейуэ апхуэдэт. Мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ямыщIыххэмэ нэхъыфIу иущийрт цIыхухэр. Езыми и адэми Тхьэ шынагъэ, Тхьэ сакъыныгъэ ябгъэдэлъу щытащ. Кэрамэт (Iуэху хэIэтыкIа гуэрхэр Тхьэм къадиIыгъын) щытыкIэ иIауэ зыIуэтэжи щыIэщ. Нэхъ и ныбжьэгъуфIхэм ящыщт Хьэрун ефэндыр, Хьэфиз ефэндыр, Тэркъан ефэндыр. Мыхэр псори си анэм къызжиIэжа хъыбарщ. Нэхъыбэ дыдэрэ зытепсэлъыхьу щытари Хьэрун ефэндыращ. Абы бгъэдэлъ щIэныгъэм щытхъу зэпыту щытащ.

Iэсхьэд ефэндым пхъуитI иIащ. Ди анэмрэ ди анэ шыпхъумрэ щIэныгъэ хьарзынэ къабгъэдилъхьауэ щытащ. Псом хуэмыдэжу ди анэм япэ къэс ефэндыр хигъэзыхьыфыну дин щIэныгъэ бгъэдэлът. КъурIэн къыщеджэкIэ, къэувыIэрэ къикIыр къыбжиIэу, хьэрыпыбзэм нэмыщI къэжэрыбзэми хэгъуэзауэ щытащ. Уеблэмэ тхыдэ, хэгъэгу щIэныгъэ (географие), есэп (математикэ) щIэныгъэхэми хуригъэджахэт ахэр Iэсхьэд ефэндым. Абы теухуауэ гушыIэ хэлъу жаIэж мы хъыбарыр. Ди унагъуэр Мударей дэкIыу Истамбыл Iэпхъуэжа иужь, зыдэтIысхьа хьэблэм я ефэндыр унагъуэкIэ ди гъунэгъуу, псэлъэгъу дызэхуэхъуу щытти, ди анэм жиIэхэр игъэщIагъуэу, ефэндыр гушыIэрт: «Насып диIэти, мыбы тыркубзэ дахэ-дахэу ищIэркъым, афIэкIа зыри дигъэпсэлъэжынтэкъым мы и щIэныгъэмкIэ».

Уэзкъан щхьэмахуэм и анэм теухуауэ къыджиIэжахэр зыгъэпэж хъыбархэр яIуэтэжу, я къуажэгъу зыбжанэм и дежи щызэхэсхащ.

Iэсхьэд ефэндым ехьэлIауэ Мударейм я нэхъыжьыфI Къуэши Нахьил щхьэмахуэми мыхэр къыджиIащ:

«Къуажэм ефэндыуэ диIа Хьэжы Екъуб ефэндым иужькIэ ХьэтIохъущыкъуеишхуэ къуажэм къитшауэ Мэремкъул хьэжы Мэкъщуд ефэндыр щыIащ. Абы къыкIэлъыкIуэу Ныбэжь Лэкъумэн ефэндыр, абы иужьыж, еплIанэу Iэсхьэд ефэндыр тетащ. Ар илъэс тIощIрэ тхукIэ ефэндыуэ щытащ, 1819 гъэм къыщыщIэдзауэ 1944 гъэ хъуху.

Iэсхьэд ефэндыр дунейм ехыжри мазэ дэкIауэ, 1944 гъэм Ерэнщыхьэр къуажэм щыщ Хьэфиз ефэндыр къэтшауэ щытащ. Абы дытезыгъэгушхуари езы Iэсхьэд ефэндырат: «Ар зыIэщIэвмыгъэкI, къуажэм къафшэ, Iэзхьэрым ехъулIэныгъэшхуэ щиIащ. Мопхуэдиз еджакIуэ мин бжыгъэм къахэжаныкIри, япэ увыпIэ къилэжьащ!» - жиIэурэ, тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьырт. Хьэфизи 1976 гъэм дунейм ехыжыху ефэндыуэ щытащ.

Iэсхьэд ефэндым и лэжьэгъуэм 1936 гъэм къуажэм уз зэрыцIалэ дэлъу, зы мазэм къриубыдэу цIыху щэщIрэ тIурэ щIэтлъхьэжауэ щытащ. Зы махуэ гуэрым, пщэдджыжь нэхущым Iэсхьэд ефэндым къуажэм и хъурейгъуэр щэ къикIухьауэ щытащ, духьэ къибжурэ, кхъэ пщIантIэри къыхригъэубыдэурэ. Уи фIэщ пщIымэ, абы иужькIэ къуажэм а узыфэмкIэ цIыху дэмылIыкIыжа. Сэ си къуэш дыдэ Рэшад яхэту а узыр зэфыкIыу пIэм хэлъ цIыхуиблри узыншэ хъужри, илъэс тIощIрыпщIи псэужахэм. Мис апхуэдэу Тхьэ сакъыныгъэшхуэ бгъэдэлъу щытт Iэсхьэд ефэндыр.

Iэсхьэд ефэндым и пхъурылъху, Уэзкъан и шыпхъу нэхъыжь Уэзджан-гуащэми мы хъыбарыр къыджиIэжащ и анэш дадэр Мысырым къызэрикIыжа щIыкIэм, абы и фэ икIахэм, лIэныгъэм къызэрела хъуам теухуауэ:

«Си анэш дадэр Мысырым къикIыжу Тырку щIыналъэм къыщихьэжам, тырку хабзэрылажьэ Iэщэзехьэхэм Iэрыубыд ящIауэ щытащ. Абы щыгъуэ Ермэлы зыкъэIэтыныгъэр щхьэусыгъуэ ящIурэ, къапэщIэхуэр яуплъэкIуу екIуэкIырти, щIыналъэм къихьэжагъащIэу гъуэгурыкIуэщ гуэрым екIуэлIа Iэсхьэд ефэндымрэ абы и гъуса зырэ тIасхъэщIэхыфэ гурыщхъуэкIэ Iэрыубыд ящI. «Дэ дыдин еджакIуэщ. Мысырым дыкъикIыжу аращ», - жаIа щхьэкIэ, зыри зрамыгъэдэIуэфу тIури яубыдри, щIыналъэм ирахуну кхъухьым ирагъэтIысхьауэ хы Iуфэм Iут ермэлы гупым хадзэ. И гъусэ щIалэр, Iэрыхьэгъуэ гуэр къыхохуэри, кхъухьым къокIуэсыкIыж. Езыр ермэлы губжьа гупым къахонэ, и закъуэу, зы пхъуантэ дэз тхылъи иIыгъыу. «Мы тыркур дукIынщи, хым хэддзэжынщ» жаIэу, ермэлыхэр зэрыгъэпэкIу щыхъум, «Сэ сытыркукъым, сыадыгэщ!» яжреIэ. «Дэнэ ущыщ?» - жаIэу къеупщIу, зыщыщ къалэр, къуажэр щажриIэм, языхэз адыгэбзэкIэ къоупщI: «Хэтхэ уащыщ?». Адыгэ къуажэ дэсауэ, адыгэбзэ ищIэу къыщIокI. И унэцIэр, и адэцIэр щыжриIэм, ермэлы щIалэр къотэдж, и бгырыпхыр зыщIехри, Iэщэ папщIэу иIыгъыу гупым захуегъазэ: «Мы щIалэм и гугъу зыщIынур япэу сэ къыспреув!» - жеIэри. ИтIанэ мыпхуэдэу къыпещэ: «Ермэлы гуп даубыдауэ дыкъашэу, мы щIалэм и къуажэм и деж жэщитI-махуитIкIэ дыкъыщыувыIауэ щытащ, псы тхуэлIэрэ дымэжэщIалIэу. Абы щыгъуэ мы щIалэм и адэм шхын хуабэ къытхуихьурэ дигъэшхащ!» Мис апхуэдэ щIыкIэу си анэш дадэр къелащ, ауэ и тхылъхэр хым хадзауэ щытащ.

Абы иужькIэ и тхылъымпIэхэм хэплъэжхэу къуаншагъэкIэ и цIэ зыщIыпIи къызэрыхэмыщыр наIуэ къыщыхъум, къаутIыпщыжащ. Ауэ абы къриубыдэу ди анэш дадэр яукIауэ хъыбар къэIури, жэназы нэмэз нэгъунэ, «нэщIыбагъ жэназы нэмэз» жыхуаIэм хуэдэу, трагщIэжат. Уеблэмэ махуэ плIыщIыр дэкIа иужь и щхьэгъусэр (ди анэш нанэр) яшэжыну и дыщхэр къыкIэлъыкIуахэт, ауэ яхуэкIуэжатэкъым. Ди анэш дадэр Мысырым щыкIуэми ди анэм и анэр нысащIэу, мазищ фIэкIа мыхъуауэ щытауэ жаIэж. Мис ахэр къэхъуа иужь, мазитI дэкIри, езы дадэ къэкIуэжащ къуажэм.

Ди анэш дадэм Iэзхьэрым дин щIэныгъэр кууэ щиджащ. МэсхьэбиплIым теухуауи чэнджэщ къыуитыфыну щIэныгъэ бгъэдэлъащ. Хьэрыпыбзэмрэ къэжэрыбзэмрэ фIыуэ ищIэм и мызакъуэу, инджылызыбзэми хищIыкIыу щытауэ жаIэж. Сыту жыпIэмэ, абы щыгъуэ Мысырыр Инджылызым яIыгъыу щытати, я бзэри щызекIуэрт. Латин тхыгъэкIэ еджэу, тхэуэ щытащ. Тырку тхыбзэр абы хуэкIуэн ипэкIэ, анэш дадэм ди анэми ди анэ шыпхъуми яригъэщIауэ щытащ латин тхыгъэр».

МазищкIэ фIэкIа имыщхьэгъуса нысащIэр къигъанэу гъуэгу теувэн хуэдизу и гур щIэныгъэм пыпщIауэ щыта мы щIэныгъэлIышхуэм дыхуолъаIуэ Алыхьым и нэфIыр къыщыхуэну.

И псэр псэхуу, и хьэдрыхэ нэхуу Тхьэм жиIэ.

**КЪУЩХЬЭ Эрдал.**

*«Узун-Яйла щыпсэуа адыгэ дин щIэныгъэлIхэр» тхылъым щыщщ.*

**● Мэжджыт телъыджэхэр**

## Хьэж-Хьэсэн иригъэщIат



«Iэбу Дэруиш и мэжджытыр», «Адыгэ мэжджыт», «Шахмат мэжджыт» - апхуэдэ цIэхэр зэрехьэ Амман къалэм 1961 гъэм дащIыхьа тхьэелъэIупIэм. Амман къалэр къэзыухухъуреихь Iуащхьитхум яз Iэл-IэшрэфиекIэ зэджэм ар трищIыхьащ Хьэж-Хьэсэн МустIэфа Шэрджэс цIэмкIэ тхыдэм къыхэна адыгэ мухьэжырым. ЗэрыжаIэжымкIэ, Хьэж-Хьэсэн щIыуэ бгъэдэлъыр ищэри, къалэм и дэнэ щIыпIэ дежи ущыту уи нэм къиубыд Iуащхьэр къищэхуат. «А мэжджытыр зымылъэгъуам Амман сыщыIащ жремыIэ!» - етхыж зыплъыхьакIуэхэм я зым. Мывэхумрэ мывэ фIыцIэмрэ зэпрыдзу къызэрыхэщIыкIарщ ухуэныгъэм «Шахмат мэжджыт» щIыфIащар. Абы иджыри хохьэ мыдрисэ, тхылъ хъумапIэ, музей, зэ щIыхьэгъуэу цIыху мини 2 щIохуэ. Iэбу-Дэруиш лъэкI къигъэнакъым тхылъ хъумапIэм ислъам диным пщIэ щызиIэ пасэрей тхылъхэр абы щIилъхьэн папщIэ. Езыр Рэмэдан мазэм и етIуанэ махуэу дунейм ехыжри, мэжджыт пщIантIэм щыщIалъхьэжауэ щытащ. УхуакIуэу щыта Хьэж-Хьэсэн мэжджытыр зэраухуэну щIыкIэр езым къигупсысыжащ, мывэхэри кърищэлIащ, мэжджыт лъэгум ирапхъуэну алэрыбгъухэри Иранып кърыригъэшащ. Азэн джапIэм метр 36-рэ и лъагагъщ. Мэжджытыр къалъытэ мамлюк ухуэныгъэ Iэмалхэри уэсмэнхэм ейхэри щызэхэухуэна архитектурэм и хъугъуэфIыгъуэу.

Iэбу Дэруиш и мэжджытырщ зытеухуар КIыщокъуэ Алим и «Кхъэлэгъунэ» Iуэтэжыр.

**Урыс тхакIуэшхуэ Толстой Лев 1910 гъэм къытридзауэ щытащ нобэ ди щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ итлъхьэ лэжьыгъэр. Сыт ар? ТхакIуэм игу ирихьа псалъэ шэрыуэ къудей? Хьэмэрэ дин мыхьэнэ ириту и анэдэлъхубзэм игъэIэпхъуа Iущыгъэ? Сыт и жэуапми, Толстойм и фIыгъэкIэ иджыри зы муслъымэн тхыгъэ урысхэм яIэщIэлъщ. Адыгэбзэм ар къригъэзэгъащ КърымщокъуэлI Маринэ. Зи бжыгъэр 92-м нэс пычыгъуэхэм ящыщу зыбжанэ нобэрей къыдэкIыгъуэм хухэтхащ.**

## Мухьэммэд Бегъымбарым и жыIэгъуэхэр

**● Хьэлэмэтщ**

1

МУХЬЭММЭД ЛIыкIуэ лъапIэу Алыхьым и нэфIыр зыщыхуар жыг щIагъым жейуэ щIэлът. Ар зэуэ къэушри, и бий Дьютур сэшхуэр къытришэщIауэ къыщхьэщыту къилъэгъуащ. «Хэт ажалым иджы укъезыгъэлынур, Мухьэммэд?» - къеупщIащ ар. «Алыхьым», - къритыжащ абы жэуап ЛIыкIуэ лъапIэм. Дьютур и Iэр кIэзызащ. ЛIыкIуэ лъапIэр зэуэ пхъуэщ, абы и сэр къыIэщIичри, еупщIащ: «Хэт-тIэ уэ иджы ажалым укъезыгъэлынур?» «Зыми», - жиIащ Дьютур. «АтIэ зэгъащIэ а Тхьэ дыдэм уэри укъызэрыригъэлынур, - жриIащ абы Мухьэммэд ЛIыкIуэ лъапIэм, и сэр хуишиижурэ. Абы иужь Дьютур Мухьэммэд ЛIыкIуэ лъапIэм и ныбжьэгъу нэхъ пэжхэм ящыщ хъуащ.

2

Ди Тхьэ! ФIыуэ услъагъуу сыщI! Уэ фIыуэ плъагъухэри фIыуэ сыгъэлъагъу! Уэ пфIэфI Iуэхущlафэхэри сыгъэлэжь! Си щхьэ, си унагъуэ, си мылъку нэхърэ Уи лъагъуныгъэр сэркIэ нэхъ лъапIэ щIы!

3

Пэжыр жыфIэ! Ар цIыхухэм яфIэдыджми, гурымыхь ящыхъуми.

4

«Уи къуэш муслъымэным дэIэпыкъу, зэхэгъэж умыщIу. Лей зэрихьэми, лей къытехьэми», - жиIащ Мухьэммэд ЛIыкIуэ лъапIэм.

- Лей зезыхьэм дауэ дыдэрыдэIэпыкъунур? - жаIэри къеупщIащ.

- Лей зэрихьэным щыфхъумэурэ, - къажриIэжащ.

5

Тхьэм жиIащ: «Зы IуэхуфI зыщIэм и псапэр пщIыкIэ хуэзгъэбэгъуэнущ. Си нэфI зыщыхуэм - нэхъыбэжкIэ. Iей зылэжьым е ищIар хуэзгъэгъунущ, е апхуэдэ дыдэ Iей лъызгъэсыжынущ. Сэ спэгъунэгъу хъуну хуейуэ, залэ къэзычым, хуэдипщIкIэ нэхъ псынщIэжу сыхуэпIэщIэнущ. Зы лъэбакъуэ къэзычым жэрыжэкIэ сыпежьэнущ. Сэ и фIэщ сыхъу пэтми, гуэныхь зыIэщIэщIэм, ар хуэзгъэгъуну Сыхьэзыру и пащхьэм СыкъыщигъуэтыжынущI».

6

Си Тхьэ! Си гъащIэр сыпхуэныкъуэу сыгъэхь, сыпхуэныкъуэуи сыгъэлIэж.

7

ЦIыхум и пщIэнтIэпскIэ къилэжьа мащIэм къыхихыу хузэфIэкIкIэ нэгъуэщIым дэIэпыкъумэ, Тхьэм нэхъ ифIэфI сэдэкъэ хъужыр арaщ.

8

Алыхьым и хьэтыркIэ зи губжьыр езыкъухыжам ирифа фадэм нэхърэ нэхъ IэфI зыIухуа щыIэкъым.

9

Зыми и Iиманыр нэгъэса хъунукъым, и къуэш муслъымэным езым и щхьэ хуигъэфащэр хуимыгъэфэщауэ.

10

Жыхьэнмэр псэм фIэфIкIэ къэухъуреихьащ, жэнэтыр гугъуехьымрэ тхьэмыщкIагъэмрэ щIэгъэпщкIуащ.

11

Алыхьым жеIэ: «Уа цIыху! Си унафэр гъэзащIэ закъуи, Сэ сэщхь ухъунщ, «ирехъу» жыпIэмэ узыхуейр къэхъуу».

12

Фи ныбэм ерыскъы ивубэурэ, фигухэр фымыгъалIэ.

13

МелыIычхэм жаIащ:

- Ди Тхьэ! Уэ дунейм къытебгъэхьахэм ящыщу мывэм нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэу пIэрэ?

- ЩыIэщ, гъущIыр нэхъ лъэщщ, абы мывэр егъэщащэ, - къажриIэжащ Алыхьталэм.

МелыIычхэр щIэупщIащ:

- Ди Тхьэ! Уэ дунейм къытебгъэхьахэм ящыщу гъущIым нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэу пIэрэ?

- ЩыIэщ, - жиIащ Алыхьым, - мафIэр нэхъ лъэщщ гъущIым нэхърэ, ар егъэткIури.

МелыIычхэр щIэупщIащ:

- Ди Тхьэ! Уэ дунейм къытебгъэхьахэм ящыщу мафIэм нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэ?

- ЩыIэщ, - къаритащ Тхьэшхуэм жэуап. - Псыр нэхъ лъэщщ, абы мафIэр егъэункIыфI.

ИтIанэ мелыIычхэм жаIащ:

- Ди Тхьэ! Уэ дунейм къытебгъэхьахэм ящыщу псым нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэ?

Тхьэм жэуап къаритащ:

- ЩыIэщ! Жьыр нэхъ лъэщщ, ар ирехужьэфри.

МелыIычхэр аргуэру щIэупщIащ:

- Уа ди Тхьэ! Уэ дунейм къытебгъэхьахэм ящыщу жьым нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэу пIэрэ?



Тхьэм къажриIащ:

- ЩыIэщ! Iэдэм и бынхэм ящыщу сэдэкъэ зытхэр, я Iэ ижьымкIэ ятыр сэмэгум щызыбзыщIхэр зытемыкIуэфын къару щыIэкъым.

14

Алыхьым жеIэ: «Сэ зыми имыцIыху хъугъуэфIыгъуэу сыщытащ. СыкъацIыхуну сыхуейти, цIыхур къэзгъэщIащ».

15

Зыри умыуб. Уэ зыгуэрым уиубын щIидзэрэ дагъуэу къыбдищIэхэр утыку кърилъхьами, уэ абы дэпщIэхэр бзыщI.

16

Хьэлэлыр IупщIщ, хьэрэмри IупщIщ, ауэ щыIэщ тIуми яку дэлъу шэч зыхэлъхэр. Мис апхуэдэу шэч зыхэлъ урихьэлIамэ, пэIэщIэ зыщI.

17

Псэ зыIуту Алыхьым къигъэщIам хуэгумащIэм, Тхьэри хуэгумащIэщ. Абы къыхэкIыу, щIылъэм тет цIыхум гущIэгъу хуэщI, ар цIыхуфIми, бзаджэми. ЦIыху Iейм гущIэгъу хуэпщIыху, ар и бзаджагъэм щыпхъумэу арaщ.

18

Мухьэмэд лIыкIуэ лъапIэм еупщIахэщ: «Iиманым и лъагапIэр сыт»?» Жэуап къаритащ: «Уи щхьэкIэ узэхъуапсэмкIэ цIыхухэми яхуэупсэ. Уэ зыхуумыгъэфащэр нэгъуэщIми йумыпэс».

19

Дэтхэнэ муслъымэнми и гу къабзагъэр зэрагъэунэхур и къару здынэмысынум зэрыхэмыIэбэмкIэщ.

20

Тхьэм ищIащ гъуэгу захуэ, блыныт тIым яку дэту. А тIум я зэхуакум дэтщ Iупхъуэ кIэ щIэхъума бжэ зэIухахэр. Гъуэгум и ублапIэм деж унэтIакIуэ щытщ, мыхэр жиIэу: «Гъуэгум захуэу фрикIуэ, лъэныкъуэкIэ дэвмыдзых». Абы и щхьэм къытетщ нэгъуэщI узэщIакIуэ, бжэхэмкIэ зыунэтI дэтхэнэ зыми жриIэу: «Мы бжэхэм фыщIэмыхьэ, итIанэ фехуэхынкIэ хъунущ». АтIэ мис а гъуэгур гъащIэращ, бжэ зэIухахэр Тхьэм хьэрэм ищIа Iуэхугъуэхэрщ. Iупхъуэ къедзыхахэр Тхьэм игъэува хъыйхэращ. Япэ унэтIакIуэр Алыхьым и псалъэрщ, етIуанэр - муслъымэн къэс и гум илъ Езы Тхьэращ.

21

Сэдэкъэр дэтхэнэ муслъымэнми и къалэнщ. Ар зыхуэмытынум IуэхуфI ирелэжь, Iейм зыщрехъумэ, ар хуэхъунщ сэдэкъэ.

22

Дэтхэнэ нэ хъуапсэри зинащIэщ, цIыхубзым дыху зытрикIэрэ цIыхухъу здэщыIэ зэхуэс зигъэлъэгъуэну кIуэрэ и нэ игъэджэгумэ - ар зинэщIакIуэщ.

23

Мухьэмэд лIыкIуэ лъапIэм зэгуэрым Вабишах жриIащ:

- Уэ укъыщIэкIуар фIымрэ Iеймрэ ущIэупщIэну армырауэ пIэрэ?

- Аращ, - жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, ардыдэращ сыкъыщIэкIуар.

ИтIанэ Мухьэмэд лIыкIуэ лъапIэм и Iэпхъуамбэр мэ дахэ къызыхих псым хилъхьэри абы и бгъэм трилъхьащ, и гум хуэгъэзауэ. ИтIанэ жриIащ:

- Уи гум еупщI.

Ар щэ къытригъазэурэ жриIа нэужь, щIигъуащ:

- ФIыр - ар уи гум арэзыныгъэрэ мамырыгъэрэ къизылъхьэращ, Iейр - шэч къозыгъэхьращ, цIыхухэм уэ ущаухей зэманым дежи.

24

Фэ фихьэнукъым жэнэтым Iиман фимыIэу, фи Iиманыр нэгъэса хъунукъым, фIыуэ фызэрымылъэгъуауэ.

25

Iэсэнымрэ щэныфIэнымрэ Iиманым и нэщэнэщ. Псалъэ купщIэншэмрэ бзэ гъэщIэрэщIамрэ IуитIбзитI нэщэнэщ.

26

Уи закъуэ ущысыныр нэхъыфIщ, цIыху Iей убгъэдэс нэхърэ. ЦIыхуфIым убгъэдэсыныр нэхъыфIщ, уи закъуэ ущысын нэхърэ. ЩIэныгъэ къэзылъыхъуэм уепсэлъэныр нэхъыфIщ, ущымыным нэхърэ. Ауэ ущымыныр нэхъыфIщ, псалъэмакъ купщIэншэм нэхърэ.

**● Ислъам щэнхабзэ**

**ХЬЭКЪКЪИ Ибрэхьим**

## Нэзмы

Уа мы си нитI, сыт ищIыс жейр, иIэт, къэушыт жэщыбгхэм!
Вагъуи, мази, Шыхулъагъуэри къэплъыхьыт,
къэкIухьыт жэщыбгхэм!
Еплъыт мы щыIэгъэхэр купщIафIагъкIэ зэрызэхэт,
КъащIэ зэхэзгъэувари, егъэхьэху уи псэр жэщыбгхэм.
Мис, махуэхэм уи фIи уи жагъуи уадытоплъэкъукI
уэ дахэм.
ТеплъэкъукIыныр къэгъанэ, щыукIытэ уи фIым жэщыбгхэм.
Бэлэрыгъауэ жей хуэфащэ Тхьэм и цIыхуу къигъэщIам?
Гуапэу зызыхуигъэзэнур хэт ГущIэгъубэм жэщыбгхэм?
Жэщ псор жейкIэ, ягъэ кIынкъым, умыхь, хьэтыр
зиIэр пщIэмэ!
Абдежращ псэ щыбгъуэтынур, зыугуэшым
къыуиту жэщыбгхэм.
Гу зыщIыфхэр жейкъым жэщым, уэри умыжейтэмэ,
Гумрэ псэмрэ я нэхэмкIэ къэплъагъунт уи фIыр жэщыбгхэм.
Уи псэращ Тхьэшхуэм и унэр, их абы Тхьэм къинэмыщIар.
А тепщэ иныр неблэгъэнущ унэ къабзэм жэщыбгхэм.
МащIэхъуапсэ, мащIэрыжей, гъэщIэгъуэрей зыщI, зынет,
Къэумыс мужьыхыжын псэри, захуэщI хьэщIэ жэщыбгхэм.
Тхьэм щхьэкIэ уэ яхуэхъу благъэ къигъэщIа
псом жэщ-махуэм.
Хьэкъкъи! Щэхуу ис гу хуэщIыным и мафIэм жэщыбгхэм.

*ЗэзыдзэкIар* **ГУЭЩОКЪУЭ Абдул-Бакъийщ.**

**● Духьэ**

## ЩIыхуэмрэ щхьэхынагъэмрэ защыдохъумэ

Iэллахьуммэ! Инни Iэгьуузу бикэ мин Iэл хьэмми уэл хьэзэни, уэл гьэджзи уэл кэсэли, уэл бухъли, уэл джубни, уэ дэлэгьи дэйни уэ гъэлэбэти рриджал.

Алыхьу си Тхьэ! Си фIэщу сыножалIэ нэщхъеягъэмрэ гухэщIымрэ, къарууншагъэмрэ щхьэхынагъымрэ, быдэнымрэ (*«щысхьын» мыхьэнэ - Ч. М.*) шынэнымрэ, щIыхуэм и бэлыхьымрэ цIыхур къыстегушхуэнымрэ сащыпхъумэну.

**Мысырым щыщ дин щIэныгъэлI, щихъ Абдул Кафи Умар Совет Союзым щэхуу диныр щызэрахьэу зэрыщытам теухуа хъыбар гъэщIэгъуэн къеIуэтэж.**

## Алыхьым и псалъэр лъагащэщ!

**● Хъыбар**

- УРЫСЕЙМ къикIа щIалищым совет зэманым теухуауэ зы хъыбар гъэщIэгъуэн къызжаIэжащ. Къуажэ псом зы КъурIэн фIэкIа дэлътэкъым. НэгъуэщI ямыIэу арат. ЦIыхухэм махуэ къэс пхъэидзэ ящIурэ, зи пхъэ къикIа насыпыфIэм КъурIэныр жэщ псом иIыгъыну хуитт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ коммунист властым ямыщIэу КъурIэныр зэIэпахыу щытащ СССР-р къутэжыху. А зи гугъу сщIы щIалэхэр Iэл-Iэзхьэр университетым щеджэу арат. Илъэс 90 хъуа я адэшхуэр дунейм ехыжа нэужь, щIалэхэр ар щIалъхьэну кIуащ. Жэназым къекIуэлIахэм тхьэрыкъуэ хужьхэр ящхьэщымыкIыу къалъэтыхьырт, къекIуэлIа псоми мэ IэфI къащIихьэрт. ЩIалэхэм ар ягъэщIагъуэу я анэшхуэм деж кIуэхэри, еупщIащ: «Сыт дадэ адрейхэм ямыщIэу ищIар?» «Зы хьэрып псалъи ищIэртэкъым, КъурIэнми къеджэфыртэкъым, - къажриIащ я анэшхуэм. - ЕгъэджакIуэ щыIэтэкъым а зэманым. Ауэ пхъэидзэ ящIу КъурIэныр къыщыIэрыхьэхэм деж ищIэр фщIэрэт? ЩIыбыр кIыфI зэрыхъуу, КъурIэныр къызэгуихырти, псалъэ къэс и лъабжьэм и Iэпэр трилъхьэурэ, езым и анэдэлъхубзэмкIэ жиIэрт: «Алыхьым и псалъэр лъагащэщ! Алыхьым и псалъэр лъагащэщ! Алыхьым и псалъэр лъагащэщ!» ХьэрыпыбзэкIэ къеджэфыртэкъыми, тхылъ лъапIэм апхуэдэ щIыкIэу икIырт. Мис апхуэдэу КъурIэным къеджэу и псэр хэкIащ».

Аращ лIэкIэ махуэкIэ зэджэр.

## ФокIадэм и нэмэз щIыгъуэхэр

**● Фи лъэIукIэ**

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, махуэку | 03.59 | 05.29 | 12.16 | 15.55 | 18.45 | 20.25 |
| 2, мэрем | 04.00 | 05.30 | 12.16 | 15.54 | 18.43 | 20.23 |
| 3, щэбэт | 04.01 | 05.31 | 12.15 | 15.53 | 18.41 | 20.21 |
| 4, тхьэмахуэ | 04.02 | 05.32 | 12.15 | 15.52 | 18.40 | 20.20 |
| 5, блыщхьэ | 04.03 | 05.33 | 12.15 | 15.51 | 18.38 | 20.18 |
| 6, гъубж | 04.04 | 05.34 | 12.15 | 15.51 | 18.36 | 20.16 |
| 7, бэрэжьей | 04.05 | 05.35 | 12.14 | 15.49 | 18.34 | 20.14 |
| 8, махуэку | 04.06 | 05.36 | 12.14 | 15.47 | 18.32 | 20.12 |
| 9, мэрем | 04.07 | 05.37 | 12.13 | 15.46 | 18.31 | 20.11 |
| 10, щэбэт | 04.09 | 05.39 | 12.13 | 15.45 | 18.29 | 20.09 |
| 11, тхьэмахуэ | 04.10 | 05.40 | 12.13 | 15.44 | 18.27 | 20.07 |
| 12, блыщхьэ | 04.11 | 05.41 | 12.12 | 15.43 | 18.25 | 20.05 |
| 13, гъубж | 04.12 | 05.42 | 12.12 | 15.42 | 18.23 | 20.03 |
| 14, бэрэжьей | 04.13 | 05.43 | 12.11 | 15.40 | 18.22 | 20.02 |
| 15, махуэку | 04.14 | 05.44 | 12.11 | 15.39 | 18.20 | 20.00 |
| 16, мэрем | 04.15 | 05.45 | 12.11 | 15.38 | 18.18 | 19.58 |
| 17, щэбэт | 04.16 | 05.46 | 12.10 | 15.37 | 18.16 | 19.56 |
| 18, тхьэмахуэ | 04.17 | 05.47 | 12.10 | 15.35 | 18.14 | 19.54 |
| 19, блыщхьэ | 04.19 | 05.49 | 12.10 | 15.34 | 18.12 | 19.52 |
| 20, гъубж | 04.20 | 05.50 | 12.09 | 15.33 | 18.11 | 19.51 |
| 21, бэрэжьей | 04.21 | 05.51 | 12.09 | 15.31 | 18.09 | 19.49 |
| 22, махуэку | 04.22 | 05.52 | 12.09 | 15.30 | 18.07 | 19.47 |
| 23, мэрем | 04.23 | 05.53 | 12.08 | 15.29 | 18.05 | 19.45 |
| 24, щэбэт | 04.24 | 05.54 | 12.08 | 15.28 | 18.03 | 19.43 |
| 25, тхьэмахуэ | 04.25 | 05.55 | 12.08 | 15.27 | 18.01 | 19.41 |
| 26, блыщхьэ | 04.27 | 05.57 | 12.07 | 15.25 | 18.00 | 19.40 |
| 27, гъубж | 04.28 | 05.58 | 12.07 | 15.24 | 17.58 | 19.38 |
| 28, бэрэжьей | 04.29 | 05.59 | 12.07 | 15.23 | 17.56 | 19.36 |
| 29, махуэку | 04.30 | 06.00 | 12.06 | 15.21 | 17.54 | 19.34 |
| 30, мэрем | 04.31 | 06.01 | 12.06 | 15.20 | 17.52 | 19.32 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

**Зэlущlэ**

# СурэтыщIымрэ гъуазджэм дихьэххэмрэ губгъуэм щызэхуозэ



**Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм и губгъуэм зэlущlэ телъыджэ щекlуэкlащ тхьэмахуэ кlуам. Гъуазджэм дихьэх щlалэгъуалэмрэ нэхъыжьыlуэхэмрэ махуэщlэм абдежым щыlущlащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхубэ сурэтыщl, Урысейм Художествэхэмкlэ и академием и член-корреспондент Црым Руслан и гъусэу.**

МЫЗЫГЪУЭГУМ Црымым бгъэдэлъ зэчийм и къэlуэтэкlэ хъуар цlыхухэм я дежкlэ щlэщыгъуэт, гъуазджэм дихьэххэм я дежкlэ гум жьы дезыгъэхут. Илъэсищ ипэкlэ сурэтыщlым къыдигъэкlа «Нартхэр» тхылъыр Къэхъун губгъуэм перформанс щlыкlэм тету утыку къыщрахьащ. Перформансыр иджырей гъуазджэм и зы лlэужьыгъуэщ, театр-художественнэ теплъэгъуэ жанрщ, сурэтыщlыр сыхьэт бжыгъэ хэхам щlыпlэ пыухыкlам деж и гупсысэр къыщиlуатэу, и lэдакъэщlэкlым щытепсэлъыхьу. Сурэтхэм уеплъ къудей мыхъуу, мыпхуэдэ зэхуэсым сурэтыщlым и макъ щызэхыбох, абырэ и lэдакъэщlэкlым дихьэххэмрэ щызэхуозэ, щызопсалъэ.

Къызэгъэпэщакlуэхэр гъэщlэгъуэну бгъэдыхьащ мы lуэхум. Губгъуэм утыку щхьэхуэ цlыкlу щащlри, зэlущlэм хэтынухэр зытесыну хьэуазэ зэкlуэцlыпха тыкъырхэр ягъэтlылъащ. Зэманкlэ зэхыхьэр зрихьэлlар нэхулъэр къыщызэкlэщlитхъырщ. Хьэщlэхэм абдеж нэху къыщекlахэри яхэтащ, сыхьэтищым къэтэджу Къэхъун кlуахэри щыlэщ. Нэхъыщхьэрати, кlыфlэзэту, сыхьэти 4-м зэхуэсри, теплъэгъуэм щlидзащ.

Музыкант Хьэцlыкlу Башир и виолончелыр егъэбзэрабзэ, сурэтыщlыр Сосрыкъуэ зэраукlам теухуа хъыбарым къоджэ. Виолончелым къикl макъамэ нэщхъеймрэ Црымым къиlуатэ хъыбарымрэ уи нэгу lупщlу къыщlагъэувэ телъыджэ гуэр. Цlыхухэм я тхьэкlумэр тегъэхуауэ йодаlуэ. Ар псэкlэ зыхэзыщlэр бзэр зыщlэ къудейхэракъым, атlэ зэхуэсым кърихьэлlа, нэгъуэщl лъэпкъ къыхэкlа цlыхухэми екlуэкlымрэ къэlумрэ я псэм дыхьауэ умэзэхауэ щысщ. Мы щlыпlэр ауэ сытми къыхихакъым Црымым. Абдеж lуащхьэмахуи Казбеки щыболъагъу, пщэдджыжьыр щыуэфlым деж.

Сосрыкъуэ и хъыбарыр еухри, къафэ псынщlэм и макъыр къоlу, нэхулъэри хуэмурэ къызэкlэщlетхъ, цlыхухэр жыджэр къохъу. Япэ дыгъэбзий гуащlэхэр тредзэ Црымым и lэдакъэщlэкl сурэтхэм. Ахэр пщэдджыжьыпэ акъужьым дэхуарзэу фlэлът губгъуэм щагъэува фlэдзапlэхэм.

Къызэрыгуэкlыу щымыт, атlэ «псэ зылут» гъэлъэгъуэныгъэм сурэт 70 щыфlэдзащ, удихьэхыу, уигъэгушхуэу, узыщlишэу. Сурэтыщlым и lэдакъэ къыщlэкlа а теплъэгъуэхэм екlуэкl lуэхур гъащlэм щымыщу къыпщегъэхъу, нэгум щlэкlыр фlэщщlыгъуейщ.

Телъыджэт а махуэр. Сурэтыщlым lэпэкlэ ищlахэм нэхъапэм еплъу щытахэм, нобэ и макъкlэ нарт хъыбархэр къахуеlуатэ. Ахэр хъыбар къызэрыгуэкlкъым, макъамэ щlэтри абы и щыхьэту, екlуэкl lуэхум зыдещl. Щlыуэпсыр къызэрыушыр, дыгъэр къызэрыкъуэкlыр, сурэтыщlым и макъыр, нартхэм я хъыбарыр, виолончелым кърищ макъамэр... уи нэгу къыщыщlэбгъэхьэ къудейми, таурыхъым хуэдэщ.

А таурыхъым хэтащ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ дихьэхыу зэхыхьа цlыху 200-м нэблагъэ. Республикэм щыпсэухэм нэмыщl, Москваи, нэгъуэщl щlыпlэхэм къикlа хьэщlэхэри щыlащ.

Апхуэдэ гуп дахэмрэ щэнхабзэ лъагэмрэ я дунейм ухэтрэ губгъуэ lэнэщlышхуэм уиту нэху бгъэщыныр куэд и уасэт.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

**Тыгъэ**



# Ветераным орден кърат

**УФ-м Къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ и органхэмрэ къэрал кlуэцl дзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и дамыгъэ нэхъ лъапlэр – «За заслуги» орденыр - къыхуагъэфэщащ Тэрч районым и ветеранхэм я советым хэт Хьэрылъху Ахьмэд Мухьэмэд и къуэм.**

ТЭРЧ район ОВД-м абы теухуауэ щекlуэкlа lуэху гуапэм кърихьэлlащ къудамэм и лэжьакlуэхэр, Сатибалов Аслъэн зи тхьэмадэ ветеран организацэм хэтхэр, Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Дадэ Аслъэн сымэ. Нэхъыжьыфlым хуагъэфэща орденыр иритыжащ Урысей МВД-м Тэрч районым щиlэ къудамэм и унафэщl, полицэм и подполковник Къардэн Анатолэ.

- Мы дамыгъэр Хэкум и деж щыуиlэ фlыщlэхэр къэзыгъэлъагъуэ лъапlэныгъэщ. Илъэс куэдкlэ уи къалэнымрэ тхьэрыlуэмрэ уахуэпэжу, лlыгъэм, хэкупсагъэм, къэмылэнджэжу Хэкум къулыкъу хуэщlэным я щапхъэ къэбгъэлъэгъуащ, ноби ди лэжьакlуэ щlэблэщlэм ураущиякlуэщ, - къыхигъэщащ Къардэным.

1969 - 1971 гъэхэм Совет армэм къулыкъу щищlэу къикlыжа иужькlэ, КПСС-м и Тэрч райкомым Хьэрылъху А. М. лэжьапlэ игъэуващ Тэрч райисполкомым. Абы ирихьэкlащ къалэн зэмылlэужьыгъуэхэр: Тэрч РОВД-м и деж щыlэ, ведомствэм хэмыт хъумакlуэ lэнатlэм и хабзэхъумэу, Тэрч ОВД-м балигъ мыхъуахэм я lуэхухэмкlэ и инспектору, уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкlэ lэнатlэм и инспектору, Тэрч ОВД-м и унафэщlым и къуэдзэу щытащ. Сыт хуэдэ къулыкъу ирихьэкlами, Ахьмэд и пщэрылъхэм яхуэпэжт, къахэщырт лэжьакlуэфlу зэрыщытымрэ и lэщlагъэм фlыуэ зэрыхищlыкlымкlэ.

Хьэрылъху Ахьмэд и тхьэмадэу щытащ МВД-м и ветеранхэм я совету Тэрч районым щыlэм икlи абы и фlыщlэщ а зэгухьэныгъэр республикэм щыпэрытхэм ящыщу сыт щыгъуи къызэрекlуэкlар.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

**Щхъуэкlэплъыкlэщ нэм къиплъыхьыр**

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 щрикъум ди щыхьэрым и теплъэр щlэращlэу lущlэным я зэфlэкl псори ирахьэлlэ Налшык и коммунальщикхэм. Дизайн и лъэныкъуэкlэ абыхэм яlэ зэфlэкlыр иджыпсту щыщlэдзауэ щыдолъагъу къалащхьэм и уэрам нэхъыщхьэхэм.**

МАХУЭШХУЭР къэсыным къэнэжа щlагъуэ щыlэкъым. Ди уэрамхэм лэжьыгъэр егугъупэу къыщрахьэлlэ гъунэгъу щlыналъэхэм къикlыу къадэlэпыкъуну къэкlуа лэжьакlуэхэми. Псалъэм папщlэ, мы махуэ зэкlэлъыкlуэхэм абыхэм Лениным и проспектым къыщагъэщlэрэщlэжа лъэс зекlуапlэхэм я бгъуитlым щlыщlэ иракlутэри, зэтес ящlыжащ.

Гъуэгубгъухэм къищынэмыщlауэ, къалэ кlуэцlым и лъэс зекlуапlэщlэхэм щагъэуващ удз гъэгъа щхъуэкlэплъыкlэ дахащэхэр зрагъэтlысхьа кхъуэщын инхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**КъБР-м щыlэ МВД-м къет**

## Зигъэпщкlуами, къагъуэтащ

**Урысей МВД-м Лэскэн районым щиlэ къудамэм и ГИБДД lэнатlэм и гъуэгу-плъыр къулыкъум и инспекторхэм къалэныр ирахьэкlыу къагъэувыlащ илъэс 32-рэ хъу, Владикавказ щыщым зригъакlуэ машинэр.**

ПОЛИЦЭм и лэжьакlуэхэм фадэмэ къащlихьащ икlи ар зэрефар ирагъэкlуэкlа медицинэ къэпщытэныгъэм щlигъэбыдащ. Адэкlэ къахутащ нэхъапэми абы суд зытращlыхьар, апхуэдэ къуаншагъэм къыхэкlыу административнэ жэуапым зэрырашэлlар. Цlыхухъум теухуа уголовнэ lуэху къаlэтат УФ-м и УК-м и 264.1 статьям ипкъ иткlэ, ауэ абы зигъэпщкlуащ икlи КъБР-м щыlэ МВД-м дознаниемкlэ и къудамэм къэлъыхъуэн щlидзащ.

Урысей МВД-м Лэскэн районым щиlэ къудамэмрэ Владикавказ къалэм щыlэ и управленэмрэ уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкlэ я лэжьакlуэхэм шэч зыхуащlыр здэщыlэр яубзыхури, 2022 гъэм шыщхьэуlум и 22-м яубыдащ икlи Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэсри, пlалъэкlэ щаlыгъ изоляторым яшащ.

## Мини 4-м щlигъу

**Урысей МВД-м Налшык къалэм щиlэ управленэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ административнэ хабзэр гъэзэщlэнымкlэ и къудамэм и лэжьакlуэхэмрэ профилактикэ lуэхухэр ирагъэкlуэкlыу къалэм и бэзэрым и сату щlыпlэхэм язым къыщагъуэтащ маркэхэр зытемылъ тутынхэкlхэр.**

ПОЛИЦЕЙХЭМ къытрахащ федеральнэ маркэхэр зытемылъ тутын пачкэ 4670-рэ. Экспертым къызэрихутамкlэ, къытрахар сом мин 366-м щlигъу и уасэщ.

Зэраубзыхуамкlэ, контрафакт продукцэр ейщ налшыкдэс цlыхубзым. Абы зиумысыжащ, жиlащ имыцlыхухэм я деж ар зэрыщызыlэригъэхьар езым ищэжыну и мураду. Абы ахэр щlилъхьат бэзэрым бэджэнду къыщищта сату щlыпlэм.

Налшык къалэм щыlэ УМВД-м и полицэ къудамэ №1-м дознаниемкlэ и lэнатlэм шэч зыхуащlым теухуа уголовнэ lуэху къиlэтащ.

## Налшыкдэсым зеумысыж

**МВД-м Налшык къалэм щиlэ къудамэм и лэжьакlуэхэм къаlэрыхьа хъыбарым ипкъ иткlэ къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкlуэкlыу Ватутиным и цlэр зезыхьэ уэрамым къыщагъэувыlа пщащэм къыкъуахащ пкъыгъуэ щащэ зэрылъ зэкlуэцlышыхьа.**

НЭХЪАПЭМИ суд зытращlыхьа, илъэс 18 хъу налшыкдэсым зэрыжиlамкlэ, абы кlуэцlылът «шыгъукlэ» зэджэ синтетикэ наркотикхэкl, иригъэкlын мурад имыlэу, езым и щхьэкlэ зрихьэлlэну зыlэригъэхьар. Ар гъэпщкlуауэ щагъэтlылъыр пщащэм къыщищlащ Интернетым.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкlэ, ар грамм 1,05-рэ хъу «N-метилэфедрон» наркотикхэкlщ.

Шэч зыхуащlым теухуа уголовнэ lуэху къаlэтащ. Ар илъэси 10-кlэ ягъэтlысынкlэ мэхъу.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# «Бгы къабзэхэр-2022» щlыуэпс зэхьэзэхуэр зэфlэкlащ

**Щlыхьэху**

**lуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэрагъэпэща «Бгы къабзэхэр-2022» щlыуэпс зэхьэзэхуэр и кlэм нэблэгъащ. Илъэс къэс ирагъэкlуэкl lуэхугъуэ дахэм мы гъэм цlыхушхуэ кърихьэлlащ, уеблэмэ щlыуэпс жэрдэм зэмылlэужьыгъуэхэр къыщыхалъхьэ утыкушхуи хъуащ.**



БГЫЛЪЭ щlыпlэхэм ит зекlуапlэхэм, бгы куэщlхэм, псыхъуэхэм дэлъ пхъэнкlийр зэхуэхьэсыным къищынэмыщlауэ, зэхыхьэм пхъэнкlийр зэхэдзын икlи зэщхьэщыхын зэрыхуейм ехьэлlа мастер-классхэр щрагъэкlуэкlащ, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щlыуэпсымрэ цlыхум и ягъэ емыкlыу зэрыхэпсэукlыным теухуа лекцэхэм къыщеджащ, сыт хуэдэ lэнатlэми щlыуэпс политикэ хэлъын зэрыхуейр, ар пщыгъупщэ зэрымыхъунур зи тегъэщlапlэ джэгукlэхэри къыхалъхьащ.

«Мы гъэм lуащхьэмахуэ лъапэ деж къыщызэдгъэпэща lуэхугъуэми, бгы куэщlым щедгъэкlуэкlыну дубзыхуа щэбэт щlыхьэхуми къызэрымыкlуэу цlыхушхуэ къекlуэлlащ. Гукъэкlыр къыщыхэтлъхьэм, пэжыр жыпlэмэ, дэ нэхъ дызыщыгугъар ди волонтёр къаруращ, ауэ хъыбарыр зэбрыттыкlа нэужь, абы зыгъэпсэхуакlуэ къэкlуауэ ди щlыналъэм щыlэ цlыху куэди гъусэ къыщытхуэхъуащ. Зэхьэзэхуэм къыхыхьахэм я процент 70-р зэи lуащхьэмахуэ и джабэ нэкlум зэрыщыземыкlуар, бгы задэ лъагъуэхэм зэрыримыкlуар къыхэгъэщын хуейщ. Ауэ щlыуэпсыр хъумэным хуэунэтlа махуэр зэрызэдащтам къыхэкlыу, дэри, ди сакъыныгъэр нэхъыбэу, lуэхум гушхуауэ дыпэрыхьащ. Фlыщlэ яхудощl ди жэрдэмыр хьэкъ зыщызыщlу къытхыхьа дэтхэнэ зыми, ди пащхьэ къилъ къалэныр зэфlэхыным щхьэж хузэфlэкlыр къызэрыхилъхьам папщlэ. Гуапэщ щlыуэпс зэхьэзэхуэм мыхьэнэ иlэу къызэралъытэр зыхэпщlэну, абы жэуаплыныгъэ хэлъу цlыхур къызэрыхыхьэм укlэлъыплъыну», – жиlащ «Кавказ.РФ» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщl Тlымыжь Хьэсэн.

lуащхьэмахуэ бгы куэщlым щызэтрихьа пхъэнкlийр зэхуэпхьэсын щхьэкlэ, дунейпсо хым и лъагагъым елъытауэ метр минищрэ ныкъуэкlэ удэкlын, бгылъэрызекlуэхэм я хэщlапlэм унэсын хуейщ. Языныкъуэ волонтёр гупхэм Азаурэ Чегетрэ зэпызыщlэ гъуэгуми, lуащхьэмахуэ лъапэ къедза мэзылъа щlыпlэхэм щызэтелъ пхъэнкlийр зэхуахьэсащ.

Заплъыхьыну бгы щыгум дэкlхэм хыфlадза кlэрыхубжьэрыхухэр къэхъукъащlэ лей къыхэмыкlыу зэхуахьэсын щхьэкlэ, зэхьэзэхуэм хэтхэм гъуэгугъэлъагъуэхэмрэ къегъэлакlуэхэмрэ я гъусэу бгы куэщlым ихьащ. Лъагапlэм нэсыну гукъыдэж зыщlахэм Гарабаши станцым нэсыхукlэ пщlэ щlамыту кlапсэ гъуэгумкlэ дашащ. Къызэгъэпэщакlуэхэм зэрагъэувамкlэ, мы lуэхугъуэ дахэр гъэзэщlэным хэт хуейми и гуащlэ хилъхьэфынут, ауэ гу уз зэмылlэужьыгъуэхэр зыпкърытхэр абы хагъэхьакъым.

Зэхьэзэхуэм къекlуалlэу бгым кlэрымыхьахэм папщlэ Азау губгъуэм деж махуэ псом щlэныгъэ-узэщlакlуэ lуэхугъуэхэм хэплъынуи хэтынуи lэмал иратащ. Щlы хъурейм и щlыпlэ нэхъ дахэ дыдэу къалъытахэм ятеухуа видеогъэлъэгъуэныгъэр къиту интерактив пхъэшыкъухэр махуэ псом лэжьащ, щlыуэпс дерсхэр зи лъабжьэ щlэныгъэ-узэщlакlуэ лекцэхэр ирагъэкlуэкlащ. Апхуэдэу зэхьэзэхуэм хэтахэр едэlуащ «Урысейпсо щlыуэпс оператор» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лэжьакlуэхэу Руднев Андрейрэ Ризвун Светланэрэ я къэпсэлъэныгъэхэм. Ахэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Урысейм зыщызыужь щlыуэпс, волонтёр зэщlэхъееныгъэхэм, къэралым мы lуэхум гулъытэу хуищlым щlыхэхъуэм и щхьэусыгъуэхэм, щlалэгъуалэм я зыужьыныгъэм теухуауэ щыlэ программэхэм. Абы къищынэмыщlауэ, «Экологистика» lуэхущlапlэм и лэжьакlуэ пажэхэм ящыщ Мырзэкъан Дианэ тепсэлъыхьащ пхъэнкlий идзыпlэхэмрэ зэхэдзыпlэхэмрэ (полигонхэмрэ) зэрызэщхьэщыкlым, пхъэнкlиилъэм кърахар промышленностым нэсу lэмэпсымэ е хьэпшып гуэр къыхащlыкlыжыхункlэ икlу гъуэгуанэр зыхуэдэм.

Апхуэдэу зыгъэпсэхуакlуэхэми унагъуэкlэ я нэгу зрагъэужьынуи lэмал яlащ: сабий джэгупlэ зыбжанэ ягъэуващ, йогэм теухуа дерсхэр ятащ, цирк джэгуакlуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ.

«Бгы къабзэхэр» щlыуэпс жэрдэмыр мыпхуэдэ зэхьэзэхуэшхуэм зэрыхуэкlуар зи мыуасэ щыlэкъым. 2018 гъэм щэбэт щlыхьэху жытlэу къыхэтлъхьа lуэхугъуэм зиубгъуащи, дызыхуейхэр зэрызыlэрыдгъэхьэм къыщинэмыщlауэ, гукъэкlым цlыхухэр зэрызэришалlэр, lуэхущlафэ дахэхэр щlэным зэрыхуигъэушыр гуапэщ. Сыхуейт къыхэзгъэщыну блэкlа илъэсищым къриубыдэу мы зэхьэзэхуэм ипкъ иткlэ тонн 50-м щlигъу пхъэнкlий бгы куэщlым щызэхуэтхьэсу къитшын зэрытхузэфlэкlар. Къисlуар бжыгъэшхуэщ. Абы къегъэлъагъуэ узыкlэлъыплъыжын, уи ужь иту къэкlуэнум пщlэ хуэщlын зэрыхуейр, уи щхьэм хуумыгъэфащэр нэгъуэщlым епщlэ зэрымыхъунур. Дяпэкlэ, мыпхуэдиз пхъэнкlийр гъэмэщlэн щхьэусыгъуэкlэ, цlыхухэм щlыуэпсым ехьэлlа я зэхэщlыкlым хэзыгъахъуэ программэхэр нэхъыбэ тщlынущ, уеблэмэ, абы нэхъ теткъузэу дыхуежьэнущ. Бгым и къабзагъэр унагъуэм и къабзагъэм къыщегъэжьэн хуейуэ къыдолъытэ. Тlури ди унапlэщ: зым ди щхьэр щlэтхьэми, адрейм дытетщ, дыщызокlуэ, дыщопсэу. Мыр къыхэтлъытащ щlэныгъэ-узэщlакlуэ программэхэр уэру ди зэхьэзэхуэм къыщыхэтлъхьэм», – жиlащ «Кавказ.РФ» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщlым и къуэдзэ Бекаев Хьисэ.

Щlы хъурейм и континентхэм узыщрихьэлlэ къуршхэм я инагъ, лъагагъ, задагъ теухуауэ зэхагъэуващ щытыгъа, «Лъагапlибл» зи фlэщыгъэ гупым lуащхьэмахуэ яхэтщ. Ди щlыпlэр зэрыгушхуэ, щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм дамыгъэ хуэхъуа lуащхьэмахуэ илъэсым и кlуэцlкlэ дэкlым я бжыгъэр мелуаным нызэрохьэс. lуащхьэмахуэ игъуэта гулъытэр хъумэным, ар цlыху кlуапlэу къэгъэнэным хуэунэтlащ кlуэтэху къэс нэхъыбэ хъу щlыуэпс жэрдэмхэр.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, «Бгы къабзэхэр-2022» щlыуэпс зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщыр «Кавказ.РФ» зэгухьэныгъэрщ, ауэ ар егъэкlуэкlынымкlэ абы щlэгъэкъуэн хуохъу КъБР-м Курортхэмрэ туризм хуэlухуэщlэхэмкlэ и министерствэр, «Урысейпсо щlыуэпс оператор» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, пхъэнкlийр дэшыным елэжь «Экологистика» lуэхущlапlэр, «Бгылъэ дуней» зи фlэщыгъэ бгылъэрызекlуэхэм я хасэр, «lуащхьэмахуэ» псыр къыщlэзыгъэкl lуэхущlапlэр.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

# Топ зырызкlэ зохъуэж

**Футбол**

***«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Дружба» (Мейкъуапэ) - 1:1 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Шыщхьэуlум и 27. Цlыху 300 еплъащ.***

**Судьяхэр**: Ануфриев (Мэзкуу), Багдасаров (Владикавказ), Туркин (Астрахань).

«**Спартак-Налшык**»: Мицаев, Мэкъуауэ З., Ольмезов, Далиев, Кlэдыкlуей, Хьэшыр А. (Топурия, 78), Дэхъу (Къумыкъу, 65), Масленников, Торосян (Ашуев, 78), Лlуп (Жангуразов, 84), Хъутlэ (Чертков, 65).

«**Дружба**»: Хьэшыр Т., Гусенгаджиев, Лысенкэ (Хьэсанэ, 75), Дэтхъужь, Крылов, Мэкъуауэ А. (Антоненкэ, 85), Васильев (Байрамян, 75), Уэрэзей, Пекъу (Тlэлlэп, 63), Малкандуев (Къуэн, 63), Хъуакlуэ.

**Топхэр дагъэкlащ**: Хъутlэм, 12 (1:0). Васильевым, 32 (1:1).

**Дагъуэ къыхуащlащ**: Гусенгаджиевым, Дэтхъужьым, Уэрэзейм, Ольмезовым, Далиевым, Къумыкъум, Масленниковым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ дивизионым и Япэ гупым щекlуэкl зэхьэзэхуэм ипкъ иткlэ шыщхьэуlум и 27-м «Спартак-Налшыкым» и унэ къыщригъэблэгъащ Мейкъуапэ и «Дружба»-р. Иужьрей зэlущlитlыр ехъулlэныгъэкlэ къезыхьэлlа хэгъэрейхэм зэпэщlэтыныгъэр жыджэру къыщlадзащ икlи зэlущlэм и ипэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ хьэщlэхэм я лъэныкъуэмкlэ джэгур ягъэlэпхъуащ.

Ебланэ дакъикъэр екlуэкlыу ди щlалэхэм я ебгъэрыкlуэныгъэм хэту топыр къызыlэрыхьа Кlэдыкlуейр штрафнойм щихьэм ар Хьэшырым хуигъэжащ. Алан гъуэм гъунэгъу щыхуэхъум «Дружба»-м и гъуащхьэхъумэхэм къызэтрагъэувыlащ.

Куэд дэмыкlыу «Спартак-Налшыкыр» гупышхуэу ипэкlэ кlуэтащ. Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкlуэныгъэм пэмылъэщ хьэщlэхэм топыр зыбжанэрэ угловойм ягъэкlуащ. Абыхэм ящыщ зым хэгъэрейхэм ехъулlэныгъэ къахуихьащ. А махуэм ди щlалэхэм я угловойхэр зыгъэзэщlа Дэхъум къыхита топым япэу нэсащ Хъутlэр. Анзор ар lэзэу щхьэкlэ гъуэм дигъэкlащ – 1:0.

Псынщlэу бжыгъэр къызэрызэlуахам ди щlалэхэм я лъэр нэхъ жаныж къищlат. Къыкlэлъыкlуэ дакъикъэм Хьэшыр Алан къыхэжаныкlыну lэмалыфl дыдэ къыхукъуэкlат. «Дружба»-м и гъуащхьэхъумэхэм къапекlуэкlыу гъуащхьэтетым хуэзанщlэ хъуа ди щlалэр лъэщу топым еуащ, арщхьэкlэ хьэщlэхэм я гъуэр а махуэм зыхъума абы и къуэш Тамерлан топым кърригъэгъэзащ. Зэман дэкlри иджыри зэ Алан гъуэм екlуэлlащ, арщхьэкlэ мейкъуапэдэсхэм я гъуащхьэтетыр зэрыбыдэт.

Зэlущlэм и япэ сыхьэт ныкъуэм тепщэныгъэр «Спартак-Налшыкым» иlыгъащ. «Дружба»-м контратакэ закъуэтlакъуэ къызэригъипэщыр налшыкдэсхэм я штрафнойм нэсыртэкъым – ди щlалэхэм къызэпаудырт. Апхуэдэхэм ящыщ зым мейкъуапэдэсхэм я ебгъэрыкlуэныгъэр хабзэм къемызэгъыу «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэм къызэпаудащ – штрафной. Мицаевым и гъуэм пэмыжыжьэу щагъэува топым Мэкъуауэ Алим хэгъэрейхэм штрафной лъэныкъуэмкlэ къыхитащ. Псом нэхъ лъагэу къыдэлъея Васильевыр топым щхьэкlэ кlэлъеуэжри, гъуащхьэтетым пэжыжьэ плlанэпэм ар дигъэкlащ - 1:1.

Япэ lыхьэм хухаха зэманым и кlэух дакъикъэхэм щытыкlэр ягъэзэкlуэжыну lэмал зыбжанэ ди щlалэхэм къызэрагъэпэщащ, арщхьэкlэ ебгъэрыкlуэныгъэхэм хуэфэщэн кlэух ирагъэгъуэтыфакъым. Абыхэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ плlыщlрэ етlуанэ дакъикъэр екlуэкlыу Хьэшыр Алан «Дружба»-м и гъуэм зэрекlуэлlар. Хьэщlэхэм я гъуащхьэхъумэхэм lэзэу топыр яблэзыха щlалэр гъуащхьэтетым хуэзанщlэ хъуащ, ауэ и къуэшым абыи кърригъэгъэзэну хузэфlэкlащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа нэужь, зэныкъуэкъуныгъэр нэхъ кlащхъэ къэхъуащ. «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкlуэныгъэхэм нэхъапэм хуэдэ гуащlэ щlэлъыжтэкъым. Хьэщlэхэми я лъэныкъуэмкlэ зыщагъэбыдауэ ипэкlэ кlуэтэну гукъыдэжыш хуэ яlэ хуэдэтэкъым.

Иджырей зэпэщlэтыныгъэм жыджэрагъышхуэ къыщызыгъэлъэгъуа Хьэшыр Алан зэlущlэм и етlуанэ lыхьэми lэмал зыбжанэ къыщыхукъуэкlат зэlущlэм и бжыгъэм зригъэхъуэжыну, арщхьэкlэ абы и ебгъэрыкlуэныгъэхэм ди щlалэхэм ехъулlэныгъэ къахуихьакъым.

Джэгум щыщу сыхьэтым щlигъу блэкlауэ «Спартак-Налшыкым» и зи чэзу ебгъэрыкlуэныгъэр Лlупым кърихьэжьащ. Ислъам штрафнойм гъунэгъу щыхуэхъум абы топыр гъуэм нэхъ пэгъунэгъуу щыт Хьэшырым и лъэныкъуэмкlэ къыхитащ. Гъуэ нэщlым хуэзанщlэу къыщыхута Алан аргуэру тэмэму техуакъым. Къытщхьэщытым иухауэ къыщlэкlынутэкъым абы и къуэшым и жагъуэ ищlыну.

Зэпэщlытыныгъэм къаруущlэ къыхалъхьэжащ тренерхэм ирагъэкlуэкlа зэхъуэкlыныгъэхэм. Апхуэдэу джэгум къыхыхьагъащlэ Ашуевым зыбжанэрэ игъэгузэващ хьэщlэхэм я гъуащхьэхъумэхэр, уеблэмэ топ дигъэкlынми пэгъунэгъуу щытащ. Арщхьэкlэ командитlми очко зырыз къахуэзыхь зэпэщlэтыныгъэм зэкъуэш республикэм я командэхэр мамырыгъэкlэ щызэбгъэдэкlыжащ.

Етlуанэ лигэм и Япэ гупым и еханэ джэгугъуэм и адрей зэlущlэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикlуащ: «**Есэнтlыгу**» (Есэнтlыгу) – «**Черноморец**» (Новороссийск) – **1:2**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) – «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) – **2:1**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) – **1:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) – **СКА** (Дон lус Ростов) – **0:0**, «**Ротор**» (Волгоград) – «**Алания-2**» (Владикавказ) – **0:1**, «**Чайка**» (Песчанокопскэ) - «**Динамо**» (Ставрополь) – **2:0**.

Къыкlэлъыкlуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Мэхъэчкъалэ щригъэкlуэкlынущ. Фокlадэм и 3-м ар lущlэнущ «Легион Динамо»-м.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | Фl. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Ротор»** | **5** | **5** | **0** | **0** | **13-3** | **15** |
| **2. «Биолог-Новокубанск»** | **6** | **4** | **1** | **1** | **10-6** | **13** |
| **3. «Чайка»** | **5** | **4** | **0** | **1** | **10-2** | **12** |
| **4. «Форте»** | **6** | **3** | **1** | **2** | **9-5** | **10** |
| **5. «Черноморец»** | **5** | **3** | **1** | **1** | **5-3** | **10** |
| **6. «Кубань Холдинг»** | **6** | **3** | **0** | **3** | **6-10** | **9** |
| 7. СКА | 6 | 2 | 3 | 1 | 5-4 | 9 |
| **8. «Спартак-Налшык»** | **6** | **2** | **2** | **2** | **11-8** | **8** |
| 9. «Динамо» Ст. | 5 | 1 | 3 | 1 | 3-2 | 6 |
| 10. «Дружба» | 6 | 1 | 2 | 3 | 4-6 | 5 |
| 11. «Легион Динамо» | 5 | 1 | 1 | 3 | 4-9 | 4 |
| 12. «Есэнтlыгу» | 6 | 1 | 0 | 5 | 3-10 | 3 |
| 13. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 6 | 0 | 3 | 3 | 5-9 | 3 |
| 14. «Алания-2» | 5 | 0 | 1 | 4 | 2-13 | 1 |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.783
Заказыр №1734
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКlЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 4-нэ нап.)*
*Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.